

 KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA FAKULTAS BAHASA DAN SENI	NOMOR SOP	
	TGL. PEMBUATAN	22 SEPTEMBER 2022
	TGL. REVISI	
	TGL. AKTIF	23 SEPTEMBER 2022
	DISAHKAN OLEH	 Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Syafi'ul Anam, Ph.D. NIP. 197809162006041001
	NAMA SOP	SKRIPSI
DASAR HUKUM:	KUALIFIKASI PELAKSANA	
1. UU Nomor 20 Tahun 2003 tentang Sistem Pendidikan Nasional 2. Perpres Nomor 8 Tahun 2012 tentang Kerangka Kualifikasi Nasional Indonesia (KKNI). 3. Permenristek Dikti Nomor 44 Tahun 2015 tentang Standar Nasional Pendidikan Tinggi. 4. Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan RI Nomor 3 tahun 2020 tentang Standar Nasional Pendidikan Tinggi 5. Standart Mutu Program Pendidikan Sarjana Unesa 2019 6. Buku Pedoman Akademik Unesa 2019/2020. 7. Buku Pedoman Penulisan Skripsi Universitas Negeri Surabaya 8. Kebijakan Akademik Universitas Negeri Surabaya. 9. Lampiran Peraturan BAN-PT Nomor 5 tahun 2019 tentang Panduan Penyusunan LED	1. Koordinator Program Studi 2. Dosen Pembimbing	
KETERKAITAN	PERALATAN/PERLENGKAPAN:	
1. Standar Mutu Unesa tahun 2022 2. Buku Pedoman Akademik Unesa 2022/2023	1. Komputer 2. Internet	
PERINGATAN:	PENCATATAN DAN PENDATAAN:	
	Disimpan sebagai data elektronik dalam E-office dan Siakad	

No	Kegiatan	Pelaksana				Mutu Baku			Ket
		Mahasiswa	Pembimbing	Koorprodi	Penguji	Kelengkapan	Waktu	Output	
1	Mahasiswa mengajukan judul skripsi ke Koorprodi untuk direview dan ditetapkan dosen pembimbingnya						1 hari		
2	Koorprodi menetapkan dosen pembimbing dan mengajukan Surat Tugas Dosen Pembimbing					Komputer	2 hari	Surat Tugas Dosen Pembimbing Skripsi	
2	Dosen menerima Surat Tugas Pembimbing dan melakukan pembimbingan Skripsi						1 hari	Draft Proposal Skripsi	
3	Mahasiswa melakukan pembimbingan dan melakukan revisi terhadap proposal skripsi berdasarkan saran dari pembimbing						1 hari		
4	Dosen menyetujui dan memberikan ACC terhadap proposal skripsi untuk kemudian dijadwalkan ujian seminar proposal						1 hari	Lembar Pengesahan Proposal Skripsi	
5	Mahasiswa melaporkan ke Koorprodi untuk kemudian ditentukan Dosen Penguji seminar proposal						1 hari		
6	Koorprodi menentukan dosen penguji dan setting jadwal ujian seminar proposal					Komputer	2 hari	Surat Tugas Penguji Proposal Skripsi	

7	Dosen menerima Surat Tugas Penguji dan meminta Mahasiswa mengisi SIMONTASI dan mengupload berkas				Komputer Internet	1 hari		
8	Dosen pembimbing melakukan review terhadap berkas yang diupload mahasiswa di SIMONTASI dan melakukan validasi jika berkas yang diupload sudah benar dan tepat.				Komputer Internet	1 hari		
9	Proses Ujian Seminar Proposal dilaksanakan sesuai jadwal yang telah ditetapkan oleh Koorprodi					1 hari	Berita Acara Ujian Seminar Proposal	
10	Mahasiswa memperbaiki proposal skripsi berdasarkan masukan dari dosen penguji					1 hari		
11	Mahasiswa berkonsultasi dengan Dosen pembimbing dan dosen Penguji terkait hasil Revisi Proposal Skripsi					1 hari		
12	Dosen Penguji dan Dosen Pembimbing menyetujui perbaikan Proposal Skripsi, Mahasiswa melanjutkan proses penyusunan Skripsi					1 hari	Lembar Persetujuan Dosen Penguji	
13	Mahasiswa mengambil data di lapangan sebagai bahan penyusunan Skripsi					1 bulan		
14	Mahasiswa melakukan pembimbingan dengan dosen pembimbing setelah pengambilan data di lapangan					1 hari	Draft Skripsi	
15	Dosen pembimbing memberikan ACC terhadap Skripsi mahasiswa					1 hari	Lembar Pengesahan Sidang Skripsi	
16	Mahasiswa melaporkan ke Koorprodi terkait ACC Skripsi dari Dosen Pembimbing					1 hari		
17	Koorprodi menentukan jadwal Sidang/Ujian Skripsi					1 hari	Undangan Pelaksanaan Sidang Skripsi	
18	Proses Ujian/Sidang Skripsi dilaksanakan tertutup sesuai jadwal yang telah ditetapkan oleh Koorprodi					1 hari		
19	Mahasiswa berkonsultasi dengan Dosen pembimbing dan dosen Penguji terkait hasil Revisi Skripsi					1 hari		
20	Dosen Penguji dan Dosen Pembimbing menyetujui perbaikan Skripsi, Mahasiswa melanjutkan proses penilaian Skripsi							

21	Mahasiswa mengisi SIMONTASI dan mengupload berkas					Komputer Internet	1 hari		
22	Dosen pembimbing melakukan review terhadap berkas yang diupload mahasiswa di SIMONTASI dan melakukan validasi jika berkas yang diupload sudah benar dan tepat.					Komputer Internet			
23	Pemberian nilai melalui SIMONTASI oleh Dosen Penguji					Komputer Internet	1 hari		
24	Sinkronisasi Data Nilai dari SIMONTASI ke SIAKADU					Komputer Internet	1 hari		
25	Selesai						1 hari		

**KACINGKRUNGAN SAJRONE NOVEL ONTRAN-
ONTRAN SARINEM ANGGITANE TULUS SETIYADI
(TINGINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

SKRIPSI



Dening:

NUR FITA SARI

19020114003

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BASA LAN SENI
JURUSAN BASA LAN SASTRA DAERAH
PRODI S1 PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA JAWA
2023**

**KACINGKRANGAN SAJRONE NOVEL ONTRAN-ONTRAN SARINEM
ANGGITANE TULUS SETIYADI (TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

SKRIPSI

**DIAJOKAKE MARANG UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
MINANGKA SARANA LAN SARAT NGRAMPUNGAKE PROGRAM
SARJANA PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA DHAERAH**

Dening:

NUR FITA SARI

NIM 19020114003

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

FAKULTAS BASA LAN SENI

JURUSAN BASA LAN SASTRA DHAERAH

PRODI S1 PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA JAWA

2023

KACA PASARUJUKAN

Jeneng : Nur Fita Sari
NIM : 19020114003
Judhul : Kacingkrangan Sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem
Anggitane Tulus Setiyadi (Tintingan Sosiologi Sastra)

Skripsi iki wis disarujuki lan murwat kanggo ujian.

Surabaya, 23 Mei 2023
Dosen Pembimbing Skripsi

Prof. Dr. Darni, M. Hum
NIP. 196509261990022001



SESANTI

“Alon Luwih Becik Tinimbang Ora Blas”

“Nur Fita Sari”

ATUR PISUNGSUNG

Agunging panuwun kula aturaken dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung ugi Maha Welas Asih, ingkang sampun kersa paring rahmat saha hidayahipun dhumateng kula lumantar kalancaran kagem ngrampungaken skripsi. Saha agungipun panuwun tansah konjuk dhumateng junjung kita Kanjeng Nabi Muhammad SAW ingkang minulya. Skripsi menika kula aturaken kagem :

- 1) Bapak kula, Subali lan ibu kula, Komariyah ingkang sampun paring dedonga rina lan wengi tumrap putranipun, pangestu tumtrap sedayanipun tumindak kula, ugi panyengkuyung marang kula kagem ngrampungaken skripsi menika.
- 2) Bapak lan ibu dhosen Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah ingkang sampun paring ngelmu salaminipun nglampahi kuliyah *offline* ugi *online*, ngantos saged ngrampungaken kuliyah ugi skripsi menika.
- 3) Sanak sadulur kula ingkang sami nyengkuyung lan sampun paring pangestu kagem kula ngrampungaken skripsi menika, saengga sedaya saged lumampah kanthi lancar.
- 4) Kanca Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah 2019 ingkang sami ngrampungaken skripsi, ingkang sami paring panyengkuyung ugi pambiyantu ngengingi sedaya ingkang sesambetan kalihan bangku kuliyah.
- 5) Kanca-kanca sedaya ingkang sami paring penyengkuyung, semangat, donga, mugi-mugi donga ingkang sae saged bali marang kang paring dedonga, ugi mugi-mugi sedaya saged sukses miturut marginipun piyambak-piyambak.

ATUR PANGIRING

Puji sokur tansah konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring rahmat, taufik ugi hidayahipun dhumateng kula, saengga skripsi kanthi irah-irahan “Kacingkrangan Sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem Anggitane Tulus Setiyadi (Tintingan Sosiologi Sastra)”, saged karampungaken kanthi lancar. Skripsi menika karampungken mboten uwal saking sinten kewamon ingkang sampun paring pambiyantu ugi panyengkuyung dhateng kula. Pramila, panulis badhe ngaturaken panuwun dhumateng :

- 1) Rektor Universitas Negeri Surabaya, ingkang sampun paring kalodhangan kangge ngangsu kawruh wonten Universitas Negeri Surabaya (Unesa)
- 2) Dhekan Fakultas Basa lan Seni, ingkang sampun paring kalodhangan kangge ngangsu kawruh wonten Fakultas Basa lan Seni (FBS), lan sampun paring pasarujukan kagem skripsi kula menika.
- 3) Latif Nur Hasan, S.Pd., M.Pd. minangka Ketua Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah, ingkang sampun paring idin lan mbiyantu kangge kelancaran tumrap kula.
- 4) Dr. Surana, S.S., M.Hum. minangka Dhosen Pembimbing Akadhemik (DPA) ingkang sampun paring bimbingan tumrap kula.
- 5) Prof. Dr. Darni, M.Hum. minangka Dhosen Pembimbing Skripsi (DPS) ingkang sampun paring bimbingan, pambiyantu, ngantos kula ngrampungaken skripsi menika.
- 6) Bapak lan ibu dhosen Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah ingkang sampun paring ngelmu salaminipun kula nglampahi kuliyah ngantos saged ngrampungaken kuliyah ugi skripsi menika.
- 7) Staff Tata Usaha Jurusan, Staff Tata Usaha FBS, saha Bapa lan ibu perpustakaan ingkang sampun nyengkuyung sesambetan kaliyan skripsi menika.
- 8) Penjenengan-panjenengan sedaya ingkang sampun paring panyengkuyung kangge ngrampungaken skripsi menika.

ABSTRAK

KACINGKRANGAN SAJRONE NOVEL ONTRAN-ONTRAN SARINEM ANGGITANE TULUS SETIYADI

Jeneng : Nur Fita Sari
NIM : 19020114003
Prodi/Jurusan : S1/Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas : Bahasa dan Seni
Lembaga : Universitas Negeri Surabaya
Pembimbing : Prof. Dr. Darni, M.Hum.

Kacingkrangan dadi salah sawijine perkara kang kedadeyan ing sajrone panguripan sosial masarakat. Sastra, apa kang kedaden sajrone panguripan bisa dadi karya sastra kang nggambarake panguripan masarakat. Novel Ontran-Ontran Sarinem minangka medhia kanggo ngandharake panguripan masarakat kang ngalami kacingkrangan kang kedaden ing kutha Madiun. Diserat dening Tulus Setiyadi, novel Ontran-Ontran Sarinem ngandharake perangan kasunyatan perihal kacingkrangan kanthi sedherhana nanging jelas.

Ancas panliten iki, yaiku (1) ngandharake gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi; (2) ngandharake dhampak kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi; (3) ngandharake upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi; (4) ngandharake sambung rakete kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem karo panguripan.

Panliten iki mujudake panliten dheskriptif kualitatif kanthi tintingan sosiologi sastra Ian Watt. Sumber dhata panliten arupa novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi lan berita. Panglumpukane dhata nggunakake teknik maca, cathet, lan ngglompokake. Kanggo njlentrehake lan nganalisis dhata panliten iki kanthi cara idhentififikasi, klasifikasi, analisis, lan ndudut asil panliten.

Asile panliten kaperang dadi papat adhedhasar underane panliten yaiku (1) bab gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kang diperang dadi telu, yaiku (a) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pangan, kahanan iki mujudake salah sawijine urip kacingkrangan kang wujud ora bisa nyukupi kabutuhan pangan kanthi becik, kayata *empat sehat lima sempurna*; (b) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pengasilan, kahanan iki yaiku minangka kahanan urip kacingkrangan amarga pakaryan kang diduweni ora bisa njamin asil kang becik; lan (c) kacingkrangan kang digambarake kanthi sithike pendhidhikan, kahanan iki minangka kahanan urip kacingkrangan amarga winatese pengasilan sing ndadekake ora bisa sekolah. Babagan ora sekolah kasebut sing njalari ora bisa nduweni ketrampilan kang becik kanggo ndolek pakaryan kang luwih apik. (2) dhampak kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi bisa diperang dadi loro, yaiku (a) dianggep remeh, lan (b) ngalami

tumindak degsiya. Banjur saka rong faktor kasebut bisa diperang maneh. Dianggep remeh diperang dadi telu yaiku diapusi, dipitenah, lan dadi rerasane tangga. Dene ngalami tumindak degsiya uga diperang dadi telu yaiku disiya-siya, dikuya-kuya, lan diiles-iles. (3) upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi bisa diperang dadi loro, yaiku (a) makarya kanthi becik, lan (b) makarya ora becik. Banjur saka rong faktor kasebut bisa diperang maneh. Makarya kanthi becik diperang dadi loro yaiku nunggu toko buthik lan dadi pelayan kafe. Dene makarya ora becik yaiku dadi wanita pelanyahan. (4) pranyata kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi pancen ana sambung rakete karo panguripan kang kaperang dadi loro, yaiku (a) gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan, (b) upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan. Kacingkrangan mujudake kaca benggane kahanan ing panguripan kang nyata. Apa kang diandharake sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi isih mujudake saperangan cilik kedadeyan kang ana masyarakat. Saka andharan kasebut bisa didudut yen sejatine karya sastra kasebut tuwuh saka anane kedadeyan-kedadeyan sajrone masyarakat.

Tembung wigati: kacingkrangan, novel, sosiologi sastra.

ABSTRAK
KEMISKINAN DALAM NOVEL *ONTRAN-ONTRAN SARINEM* KARYA
TULUS SETIYADI

Nama : Nur Fita Sari
NIM : 19020114003
Prodi/Jurusan : S1/Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas : Bahasa dan Seni
Lembaga : Universitas Negeri Surabaya
Pembimbing : Prof. Dr. Darni, M.Hum.

Kemiskinan menjadi salah satu permasalahan yang terjadi di dalam kehidupan sosial masyarakat. Melalui sastra, apa yang terjadi dalam kehidupan bisa menjadi karya sastra yang menggambarkan kehidupan masyarakat. Novel *Ontran-Ontran Sarinem* sebagai media untuk menunjukkan kehidupan masyarakat yang dilanda kemiskinan yang terjadi di kota Madiun. Ditulis oleh Tulus Setiyadi, novel *Ontran-Ontran Sarinem* menunjukkan beberapa kenyataan perihal kemiskinan dengan sederhana namun jelas.

Tujuan penelitian ini, yaitu (1) menjelaskan gambaran kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi, (2) menjelaskan dampak kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi, (3) menjelaskan upaya untuk mengatasi kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi, dan (4) menjelaskan bagaimana hubungan kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dengan kehidupan.

Penelitian ini termasuk penelitian deskriptif kualitatif dengan menggunakan teori sosiologi sastra Ian Watt. Sumber data penelitian berupa novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dan berita. Pengumpulan data menggunakan teknik membaca, mencatat, dan mengelompokkan. Untuk menjelaskan dan menganalisis data penelitian ini dengan cara identifikasi, klasifikasi, analisis, dan menyimpulkan hasil penelitian.

Hasil penelitian dibagi menjadi empat berdasarkan rumusan masalah penelitian yaitu (1) Bab gambaran kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dibagi menjadi tiga, yaitu (a) kemiskinan yang digambarkan dengan kurangnya makanan, keadaan ini mewujudkan salah satu hidup kemiskinan yang wujudnya tidak bisa memenuhi kebutuhan makan dengan baik, seperti empat sehat lima sempurna; (b) kemiskinan yang digambarkan dengan sedikitnya penghasilan, keadaan ini merupakan keadaan hidup kemiskinan karena pekerjaan yang dimiliki tidak bisa menjamin hasil yang bagus; dan (c) kemiskinan yang digambarkan dengan kurangnya pendidikan, keadaan ini merupakan keadaan hidup kemiskinan karena terbatasnya penghasilan yang menjadikan tidak bisa sekolah. Keadaan tidak bisa sekolah tersebut yang mendasari tidak bisa mempunyai keterampilan yang bagus untuk mencari

pekerjaan yang lebih bagus. (2) Dampak kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dibagi menjadi dua, yaitu (a) dianggap remeh, dan (b) mengalami tindak kekerasan. Kemudian dari dua faktor tersebut bisa dibagi lagi. dianggap remeh dibagi menjadi tiga yaitu dibohongi, difitnah, dan menjadi omongan tetangga. Jika mengalami tindak kekerasan juga dibagi menjadi tiga yaitu disiya-siya, dioyak-oyak, ditindas. (3) upaya untuk mengatasi kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi bisa dibagi menjadi dua, yaitu (a) bekerja dengan baik, dan (b) bekerja tidak baik. Kemudian dari dua faktor tersebut bisa dibagi lagi. Bekerja dengan baik dibagi menjadi dua yaitu menjaga toko butik dan menjadi pelayan kafe. Jika bekerja tidak baik yaitu menjadi pelacur/PSK. (4) kenyataan kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi memang ada hubungannya dengan kehidupan yang bagi menjadi dua, yaitu (a) gambaran kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dengan kehidupan, (b) upaya untuk mengatasi kemiskinan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi dengan kehidupan. Kemiskinan mewujudkan cerminan keadaan di kehidupan yang nyata. Apa yang dijelaskan dalam novel *Ontran-Ontran Sarinem* karya Tulus Setiyadi masih mewujudkan sebagian kecil kejadian yang ada di masyarakat. Dari penjelasan tersebut bisa disimpulkan bahwa sejatinya karya sastra tersebut muncul dari adanya kejadian-kejadian didalam masyarakat.

Kata kunci: kemiskinan, novel, sosiologi sastra.

ABSTRACT
POVERTY IN THE NOVEL *ONTRAN-ONTRAN SARINEM* BY TULUS SETIYADI

Name : Nur Fita Sari
NIM : 19020114003
Study Program : S1/Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Faculty : Bahasa dan Seni
Institution : Universitas Negeri Surabaya
Advisor : Prof. Dr. Darni, M.Hum.

Poverty is one of the problems that occur in the social life of society. Through literature, what happens in life can become a literary work that describes people's lives. The novel *Ontran-Ontran Sarinem* is a medium to show the poverty-stricken lives of people in Madiun city. Written by Tulus Setiyadi, the novel *Ontran-Ontran Sarinem* shows several realities about poverty in a simple yet clear way.

The objectives of this study are (1) to explain the description of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi, (2) to explain the impact of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi, (3) to explain efforts to overcome poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi, and (4) to explain how poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi relates to life.

This research is a descriptive qualitative research using Ian Watt's literary sociology theory. The research data sources are the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi and news. Data collection uses reading, recording, and categorising techniques. To explain and analyse the data of this research by means of identification, classification, analysis, and concluding the research results.

The results of the study are divided into four based on the formulation of research problems, namely (1) the chapter on the description of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi is divided into three, namely (a) poverty described by the lack of food, this situation embodies one of the life of poverty whose form cannot meet the needs of eating well, such as four healthy five perfect; (b) poverty described by a lack of income, this situation is a state of living in poverty because the work that is owned cannot guarantee good results; and (c) poverty described by a lack of education, this situation is a state of living in poverty because of limited income which makes it impossible to go to school. The situation of not being able to go to school underlies not being able to have good skills to find a better job. (2) the impact of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi is divided into two, namely (a) being underestimated, and (b) experiencing violence. Then from these two factors can be further divided. being underestimated is divided into three, namely being lied to, slandered, and being talked about by neighbours. If you experience violence, it

is also divided into three, namely being abused, torn apart, and oppressed. (3) Efforts to overcome poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi can be divided into two, namely (a) working well, and (b) working poorly. Then the two factors can be further divided. Working well is divided into two, namely looking after a boutique shop and being a cafe waiter. (4) the reality of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi does have a relationship with life which is divided into two, namely (a) the description of poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi with life, (b) efforts to overcome poverty in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi with life. Poverty embodies a reflection of real-life circumstances. What is described in the novel *Ontran-Ontran Sarinem* by Tulus Setiyadi still embodies a small part of the events that exist in society. From this explanation, it can be concluded that literary works actually arise from events in society.

Keywords: *poverty, novel, literary sociology.*

DHAPTAR ISI

KACA IRAH-IRAHAN	ii
KACA PASARUJUKAN	iii
SESANTI.....	iv
ATUR PISUNGSUNG	v
ATUR PANGIRING	vi
ABSTRAK MAWA BASA JAWA.....	vii
ABSTRAK MAWA BASA INDONESIA.....	ix
ABSTRAK MAWA BASA INGGRIS	xi
DHAPTAR ISI.....	xiii

BAB I PURWAKA.....	1
1.1 Lelandhesaning Panliten	1
1.2 Undheran Panliten.....	4
1.3 Tujuwan Panliten.....	4
1.4 Paedah Panliten	5
1.5 Watesane Panliten	5
1.6 Panjlentrehe Tetembungan.....	6

BAB II TINTINGAN KAPUSTAKAN	7
2.1 Panliten Sadurunge Kang Saemper	7
2.2 Sastra Jawa Modern	8
2.3 Novel.....	9
2.4 Tintingan Sosiologi Sastra	10
2.5 Konsep Kacingkrangan	11
2.6 Landhesan Teori.....	17

BAB III METODHE PANLITEN	18
3.1 Ancangan Panliten.....	18
3.2 Tintingan Panliten	19
3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten	19
3.4 Instrumen Panliten.....	20
3.5 Tata Cara Ngumpulake Dhata Panliten.....	21
3.6 Tata Cara Njlentrehake Dhata Panliten.....	21
3.7 Tata Cara Njlentrehake Asil Panliten.....	22

BAB IV ANDHARAN	24
4.1 Gegambaran Kacingkrangan sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi	24
4.2 Dampak Kacingkrangan sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi Klawan Kanyatan?	32
4.3 Upaya Kanggo Ngrampungsi Kacingkrangan sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi	41
4.4 Sambung Rakete Kacingkrangan Ing Novel Ontran-Ontran Sarinem Anggitane Tulus Setiyadi Karo Panguripan.....	49
 BAB V PANUTUP	 57
5.1 Dudutan	57
5.2 Pamrayoga	58
 KAPUSTAKAN	 60
LAMPIRAN	63

BAB I

PURWAKA

Bab siji iki minangka bab pambukane panliten kang bakal njlentrehake lelandhesaning panliten, undheran panlite, tujuwane panliten, paedahe panliten, watesane panliten, lan panjlentrehe tetembungan. Luwih jlentrehe bakal diandharake ing ngisor iki.

1.1 Lelandhesaning Panliten

Sastra yaiku karya seni kang awujud tulisan, karangan, basa utawa ukara-ukara kang duweni nilai estetika utawa kaendahan. Nilai estetika utawa kaendahan sastra bisa dimangerteni saka kepriye basa lan ukara-ukara kang ana gegayutane lan ngasilake sawijining karya lan seni kang endah kanggo dirasa, diweruhi lan dipangira. Sastra minangka karya seni kang nggunakake basa minangka piranti. Basa sastra yaiku basa kang duweni teges (Pradopo sajrone Fitriani, 2021:1).

Karya sastra mujudake salah sawijine karya kang bisa arupa geguritan, cerkak, cerbung utawa novel. Karya sastra diripta dening pangripta kanggo sarana panggulawentah, ekspresi, lan komunikasi antarane pangripta lan pamaos. Lumantar karya sastra pamaos bisa mangerteni kahanan utawa gegambaran sajrone karya sastra kang dianggit, kayadene sajrone reriptan sastra Jawa modern.

Sastra Jawa modern yaiku sastra Jawa kang urip ing tengah-tengage masarakat Jawa saiki. Miturut Hutomo (sajrone Darni, 2021:3), periode sastra Jawa modern diwiwiti wiwit terbite novel *Serat Riyanto* anggitane R.M. Soelardi (1920), kang *istimewah* amarga wis ninggalake *karakter istana sentris* lan unsur-unsur pamangune padha kaliyan wujud novel sajrone sastra Jawa modern.

Jagading kasusastran Jawa Modern ing jaman saiki wis akeh nglairake karya-karya sastra sing kondhang. Akeh generasi tuwa nganti tumekaning generasi mudha melu dadi bebrayan sing mangerteni endahe karya sastra Jawa modern ing jaman saiki. Karya sastra Jawa modern iki mujudake sawijining gegambaraning manungsa mligine ngenani kanyatan urip sing ana ing pakulinan sabendinane manungsa. Salah sawijining gegambaran sastra Jawa modern iki bisa digatekake lumantar karya sastra modern kuwi dhewe tuladhane cerkak, cerbung, geguritan, novel, roman, lan sapanunggalane. Jumbuh klawan tuladhane karya

sastra Jawa modern. Miturut Rass (sajrone Darni, 2021:4) ngandharake yen ta sastra Jawa modern kuwi sejatine nduweni genre-genre sing member karo sastra saka barat yaiku *short story* member karo cerkak, *long story* member karo cerbung, lan *poem* member karo geguritan uga novel utawa isa uga roman.

Kajaba saka kuwi yen dideleng ing jaman sing tansaya maju kaya mangkene iki, jagad karya sastra mligine sastra Jawa kudu bener-bener digatekake kanthi tumemen. Minangka reriptan sing asipat kreatif iki sastra kudu bisa mujudake bab sing nengenake kreasi sing endah lan sabisa-bisane kudu tansah nyalurake apa sing wis dadi butuhane manungsa ing alam donya lan pancen wis akeh kedadeyan yen karya sastra minangka sawijining bab kang nggambarake bebrayan nalika wektu iku uga ((Endraswara, 2013:89). Karya sastra diripta dening pangripta kanggo sarana dhokumentasi lan komunikasi antarane pangripta lan pamaos karya. Lumantar karya sastra para pamaos bisa mangerteni kahanan utawa gegambaran sajrone karya sastra kang diripta, kayadene sajrone reriptane sastra Jawa modern. Karya sastra Jawa modern saiki beda karo karya sastra sadurunge jalaran wis kecampuran daya pangribawa genre saka manca (Darni, 2021:4).

Novel salah sawijine asil karya sastra Jawa modern arupa prosa lan diandharake kanthi wujud fiksi. Istilah fiksi sajroning teges iki, jumbuh kaliyan istilah kang digunakake Nurgiyantoro (sajrone Darni, 2021:4), mujudaken ing karya sastra awujud prosa. Wujud prosa sajroning sastra Jawa modern yaiku cerkak, cerbung, lan novel. Isi crita sajrone novel diripta miturut kahanan utawa kasunyatan masarakat lan ditata supaya bisa narik kawigaten para pamaca. Wigatine karya sastra ditulis, guna tetep lestari lan ana bukti saka kedadeyan tartamtu ing masarakat. Kahanan utawa kasunyatan masarakat bisa arupa gambaran sosial, ekonomi, pendhidhikan, budaya, utawa agama sajrone panguripan ing bebrayan. Mula akeh pangripta kang ngangkat masalah sajrone panguripan bebrayan ing sajrone karya sastra novel. Karya sastra kang arupa novel ora mung nggambarake kasunyatan sosial utawa kasenjangan sosial, nanging sajrone novel uga bisa nggambarake ngenani masalah kacingkrangan.

Kacingkrangan minangka salah sawijine prakara sosial kang ana ing sajrone karya sastra kang dadi masalah sajrone panguripan bebrayan. Abdul Syani

(sajrone Zumrudah, 2020:3) ngandharake yen kacingkrangan bisa diarani minangka sawijine kahanan pawongan, kluwarga utawa anggota masarakat kang ora nduweni kesanggupan kanggo njangkepi kabutuhan urip kaya samesthine anggota masarakat liyane. Miturut Emil Salim (sajrone Sartika et al., 2016:109) yen kacingkrangan digambarake minangka mingsrane pengasilan kanggo njangkepi kabutuhan urip utamane kanggo njangkepi kabutuhan pokok.

Kacingkrangan nggambarake kahanan panguripan sing kekurangan ragad utawa kekurangan samubarang kang dibutuhake sajrone urip ing bebrayan kayata sandhang, pangan lan papan. Kacingkrangan ing kene, bisa ditegesi minangka kahanan kang dialami manungsa sajrone antuk samubarang kang asipat kebutuhan dhasar. Kacingkrangan minangka salah sawijining babagan kang wigati ing panguripan saben dina. Babagan iki katon ora bisa dirampungae kanthi temen. Mula upaya pamrentah wis ditindakake kanthi menehi macem-maceme bantuwan kanggo wong cilik.

Gegambaran kacingkrangan sing ana ing masarakat akeh-akehe ngenani kacingkrangan kanthi winatese pangan, kacingkrangan kanthi sithike pengasilan, kacingkrangan kanthi jinise pakaryan, lan kacingkrangan kanthi cilike pendhidhikan. Gegambaran kacingkrangan kasebut nuwuhake dampak sing ora apik kayata tumindak degsiya lan sapiturute. Uga kanggo ngrampungu kacingkrangan kasebut nindakake pakaryan kang kurang trep kayata dadi wanita pelanyahanlan sapiturute.

Ing kene panulis ngangkat sawijining novel anggitane Tulus Setiyadi kang irah-irahane Ontran-Ontran Sarinem. Novel *Ontran-Ontran Sarinem* kang ngamot kritik sosial masarakat ing kene yaiku anggitane Tulus Setiyadi. Tulus Setiyadi, panulis sing asale saka Madiun, desa Banjarsari, Nglames, kabupaten Madiun. Tulus nulis nganggo rong basa, yaiku basa Indonesia lan basa Jawa. Antologi geguritane sing ditulis nganggo basa Indonesia kalebu: Surat Kerinduan, Bangsa Pemuja Iblis, lan antologi puisi “Satu...Satu...Satu...Salam Damai” diterbitake dening Pustaka Ilalang. Novel sing ditulis nganggo basa Indonesia lan Jawa kalebu novel Lintang Kesaput Mega (2017), Pindhang Wutah (2019), Ontran Sarinem(2017), Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis, Dhalang Mbalang Katresnan (2020), Kendhaga Bentheth (2019), Kamalaulya (2019), Kembang

Gamboja Jingga (2017). Lan karangan sing ditulis yaiku: Pendekatan Nilai Filosofis ing Kasusastran Jawa lan Makna Simbol Kaslametan Pati ing Masyarakat Budaya Jawa.

Sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi ngamot kritik ing babagan sosial masarakat utamane ngenani wong cilik. Pamaca bisa mangerteni kepriye wewatekane paraga, lan nggambarake panguripan samadyaning bebrayan. Novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi nyritakake babagan kacingkrangan. Kacingkrangan kang dikarepake yaiku ora mampu nyukupi kabutuhan dhasar urip kaya sandhang, pangan, lan papan, sarta ora bisa nggayuh pendhidhikan kang becik amarga ora ana bandha. Kabeh mau disebabake krana kahanan ekonomi kang cingkrang utawa kurang (Burger Nicholas sajrone Amalia, 2022:3)

Novel *Ontran-Ontran Sarinem* iki minangka novel kang banget narik kawigaten kanggo ditintangi ing perangan tema kang mligine ana ing babagan kacingkrangan. Tintingan kang trep kanggo ngandharake lan njlentrehake uga nintangi kacingkrangan sajrone novel “*Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus setiyadi” iki nggunakake tintingan sosiologi sastra, mligine teorine Ian Watt.

1.2 Undheran Panliten

Gegayutan karo lelandhesaning panliten kang wus diandharake ing dhuwur, underane panliten kaseut kaya ing ngisor iki.

- 1.2.1 Kepriye gegambaran kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* nggitane Tulus Setiyadi?
- 1.2.2 Kepriye dampak kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi?
- 1.2.3 Kepriye upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi?
- 1.2.4 Kepriye sambung rakete kacingkrangan ing novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan?

1.3 Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan ing ndhuwur panliten iki uga nduweni tujuwan, antarane.

- 1.3.1 Ngandharake gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 1.3.2 Ngandharake dampak kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 1.3.3 Ngandharake upaya kanggo ngrampungsi kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 1.3.4 Ngandharake sambung rakete kacingkrangan ing novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan?

1.4 Paedah Panliten

Paedahing panliten iki, yaiku.

- 1.4.1 Tumrap sastra Jawa modern, panliten iki nduweni paedah kanggo paring panyengkuyung pangrembakane karya-karya sastra Jawa modern.
- 1.4.2 Tumrap piwulang sastra, bisa dugunakake minangka salah sijining bab pasinaon apresiasi sastra ngenani tintingan sosiologi sastra.
- 1.4.3 Tumrap pamaca, bisa nambah kawruh lan pengetahuan ngenani peranan karya sastra kang nggunakane tintingan sosiologi sastra kanggo nintingi lan mangerteni isi kang kinandhut sajrone novel “Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi”

1.5 Watesane Panliten

Panliten iki nduweni watesan kanggo nlinti objek kang arupa Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi. Watesan panliten iki dianakake supaya ora nyimpang saka panliten kang bakal diteliti. Luwih jlentrehe bakal diandharake ing ngisor iki.

- 1.5.1 Panliten iki bakal ditindakake kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra.
- 1.5.2 Luwih nengene babagan tema kang paling onjo sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi ing panliten iki yaiku ngenani kacingkrangan.
- 1.5.3 Gegambaran sajrone novel lan gayute gegambaran klawan kanyatan kang bakal diteliti sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.

1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Panjltrehe tetembungan sajrone panliten iki bakal ditegesi siji mbaka siji tetembungan kang ana gayutane karo panliten. Tetembungan kasebut bakal dijltrehake ing ngisor iki.

- 1.6.1 Kacingkrangan yaiku kahanan kurange kacukupan kang dialami dening pawongan utawa wong kang wis omah-omah saengga ora bisa nyukupi kebutuhan dasar minimale marang panguripane. Kabutuhan dasar minimal kuwi kang ana gayutane karo sandang, pangan, omah-omah, lan kebutuhan sosial kang diperlokake dening pawongan kanggo nyukupi kabutuhan panguripan kanthi wajar (Ritonga sajrone Delistawati, 2018:73)
- 1.6.2 Novel yaiku salah sawijining objek kajian sastra kang nyuguhake maneka warna kauripan kang diwujudake menyang karya seni kang awujud tulisan. Miturut Nurgiyantoro (2018:12) novel yaiku sawijining karya fiksi kang nyuguhake sawijining dunya, dunya kang isine modhel panguripan kang diidealake, dunya imajinatif, kang kawangun saka macem-macem unsur intrinsike kayata peristiwa, plot, tokoh (paraga), latar, sudhut pandhang, lan sapanunggalane kang asipat imajinatif.
- 1.6.3 Sosiologi sastra yaiku cabang panliten sastra kang asipat reflektif. Panliten iki diminati dening panliti kang deleng sastra minangka kaca pangilone panguripane bebrayan. Asumsi dhasar panliten sosiologi sastra yaiku kelairan sastra ora sajrone kekosongan sosial (Endraswara.2013:77)

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tinting an kapustakan mujudake perangan kang wigati sajrone panliten. Sawijining panliten ora bakal bisa kaleksanan kanthi apik tanpa anane tintingan kapustakan kang trep. Mula ing kene bakal diandharake tintingan panliten sadurunge kang saemper lan tintingan teori utawa konsep kang digunakake. Tinting an kapustakan sejatine mujudake sawijining wangsulan teoritik tumrap bab-bab sing wis ditemokake.

2.1 Panliten Sadurunge Kang Saemper

Sasuwene iki panliten ngenani karya sastra kang awujud novel wis akeh kang nлити. Panliten-panliten kasebut nggunakake tintingan kang beda-beda. Tinting an Sosiologi Sastra kang dadi dhasar ing panliten iki ora kalebu tintingan kang anyar maneh ing jagade panliten sastra Jawa modern. Panliten sastra kang nggunakake tintingan Sosiologi Sastra kang saemper iki wis nate ditulis dening Mahasiswa Jurusan Basa Jawa, ing antarane yaiku.

- 1) *“Kacingkrangan Sajrone Novel Guwing Anggitane Suharmono Kasiyun (Tinting an Sosiologi Sastra)”* - Nur Izzah Amalia – Universitas Negeri Surabaya - 2022. Panliten iki nuduhake panguripan masarakat kang ngalami kacingkrangan ing kutha Surabaya. Kacingkrangan kasebut disebabake amarga ora duweni pakaryan kang ora pesthi. Pakaryan kang ora pesthi disebabake amarga kurange pendhidhikan *formal* uga *informal* kalebu kurange *pengetahuan* ngenani ilmu agama, uga nyebabake kurange pengasilan kang diolehi lan ora bisa nyukupi kabutuhan urip saben dinane.
- 2) *“Kacingkrangan Sajrone Cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto (Kajian Sosiologi Sastra)”* - Widia Astuti - Universitas Negeri Surabaya - 2017. Panliten iki ngandharake ngenani (1) kahanan kacingkrangan kang arupa tunawisma, bocah ora kopen, lan kurange lapangan kerja, (2) ngenani sebabe kacingkrangan yaiku faktor individu lan faktor kultural, lan (3) ngenani akibat kacingkrangan yaiku kriminalitas kang arupa tumindak degsiya lan mendem.

- 3) “*Kacingkrangan Sajrone Antologi Cerkak Paron Anggitane Poerwadhie Atmodihardjo (Tintingan Sosiologi Sastra)*” - Veronika Firdaus - Universitas Negeri Surabaya - 2022. Panliten iki nuduhane menawa panyebab kacingkrangan disebabake amarga minime pendhidhikan, ora duweni ketrampilan tartamtu saengga masarakat ora duweni kebebasan anggone milih pakaryan, amung bisa kerja sakanane kanthi manpaatake sumber daya alam utawa nerusake pakaryan tiyang sepuh dadi tani. Pakaryan kang sakanane kasebut ndadekake pengasilan kang kurang lan ora bisa nyukupi panguripane, kayata kabutuhan dasar arupa sandhang, pangan, lan papan.

Panliten-panliten kang ana ing dhuwur kasebut saemper antarane siji lan sijine yaiku ngenani tintingan Sosiologi Sastra. Nanging kang mbedakake karo penliten iki yaiku ngenani objek, gegambaran kacingkrangan, dampak kacingkrangan, sarta upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone *novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi*.

2.2 Sastra Jawa Modern

Sastra Jawa modern yaiku sastra Jawa kang urip ing tengah-tengah masarakat Jawa saiki. Miturut Hutomo (sajrone Darni, 2021:3), periode sastra Jawa modern diwiwiti wiwit terbit novel *Serat Riyanto* anggitane R.M. Soelardi (1920), kang *istimewah* amarga wis ninggalake *karakter istana sentris* lan unsur-unsur pamangune padha kaliyan wujud novel sajrone sastra Jawa modern. Panggon sastra Jawa modern bisa dideleng ing telu medhia basa Jawa kang nganthi saiki isih ngrembaka utawa *eksis* ing Jawa Timur lan Jawa Tengah. Katelu majalah mingguwan kanthi basa Jawa kasebut yaiku *Panyebar Semangat* lan *Jaya Baya* terbit ing Jawa Timur, lan *Jaka Lodhang* terbit ing Jawa Tengah.

Sastra Jawa modern nduweni genre-gnere kang beda kaliyan genre-genre sadurunge. Miturut Utomo (sajrone Darni, 2021:4) sastra Jawa modern ora saimbang karo sastra Jawa klasik, periode kang sinebutan saurunge sastra Jawa modern lair (1993:5). Salah sawijining gegambaran sastra Jawa modern iki bisa digatekake lumantar karya sastra modern kuwi dhewe tuladhane cerkak, cerbung, geguritan, novel, roman, lan sapanunggalane. Jumbuh klawan tuladhane karya sastra Jawa modern. Miturut Rass (sajrone Darni, 2021:4) ngandharake yen ta

sastra Jawa modern kuwi sejatine nduweni genre-genre sing memper karo sastra saka barat yaiku *short story* memper karo cerkak, *long story* memper karo cerbung, lan *poem* memper karo geguritan uga novel utawa isa uga roman.

Sastra Jawa Modern ing jaman saiki saya apik lan saya akeh kang nyenengi. Sastra Jawa Modern minangka kaca pangilon masyarakat Jawa. Bisa miturut pengarang senior utawa junior ora nate uwal saka masyarakat iku dhewe kang ngrengkuh inspirasi lan bahan tulisan. *Mimesis* ing prakara iki ora kok tegese Sastra Jawa Modern memper kaya kanyatan masyarakat Jawa ananging uga minangka kaca pangilon utawa refleksi. Sastra Jawa Modern minangka produk kabudayan Jawa modern, kang kalungguhane ditemtokake saka maneka faktor warna. Sastra Jawa modern ing jaman saiki wis luwih apik amarga nggunakake basa pakulinan, saengga gampang dimangerteni karo khalayak utawa masarakat.

2.3 Novel

Novel yaiku sawijining objek kajian sastra kang nyuguhake maneka warna model kauripan kang diwujudake menyang sawijining karya tulis. Sajrone crita novel kebak kaliyan dunya kang imajiner. Novel Anane iku mau minangka karya fiksi kang ana sambungrakete kaliyan teges-teges yen novel iku sawijining karya kang diripta saka pengalaman pangripta utawa wujud *membayangkan* pangripta iku mau. Novel minangka salah sawijining bahan wewacan utawa bacaan kang wujud saka karya fiksi, novel wujud ceritane luwih dawa tinimbang sawijining cerpen. Novel ditulis kanthi linuwih cetha lan gamblang kang nyuguhake maneka warna sawijining masalah, saengga pamaca luwih bisa mangerteni amarga cerita kang disuguhake cetha.

Nurgiyantoro (2018:12) ngandharake menawa novel yaiku sawijining karya fiksi kang nyuguhake sawijining dunya, dunya kang isine modhel panguripan kang diidealake, dunya kang imajiner, kang kawangun saka macem-macem unsur intrinsike kayata peristiwa, plot, tokoh (paraga), latar, sudhut pandhang, lan sapanunggalane kang asipat imajiner.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut yen novel yaiku karya sastra kang diripta dening pangripta saka campuran imajiner lan gambar

panguripan ing sakiwa tengene pangripta kang ngasilake jagad anyar kang isine ngengingi panguripan para paraga. Limrahe lumantar paraga lan latar crita para pangripta menehi rasa khawatir kang kedadeyan ing sakupenge. Lan nyampekake pamanggih ing amanat utawa pesan crita.

2.4 Tintingan Sosiologi Sastra

Ratna (sajrone Sipayung, 2016:25) ngandharake yen sosiologi sastra asale saka basa Yunani sing dumadi saka rong tembung yaiku sosio (*socius*) lan logi (*logos*), sosio tegese bebrayan lan logi tegese ilmu, dadi sosiologi tegese ilmu asal usul lan pangrembakane bebrayan. Ratna uga njlentrehake sejatine antarane sosiologi lan sastra nduweni objek sing padha yaiku manungsa sajrone bebrayan. Bab kasebut selaras karo pamawase Soekanto (sajrone Zumrudah, 2020:4) kang njlentrehake sosiologi kalebu ilmu sosial kang objeke bebrayan. Sosiologi karya sastra nliti sastra minangka pangilone bebrayan. Apa sing kasirat sajrone karya sastra sing dianggep gambarane utawa realita sajrone bebrayan. Sosiologi sastra mujudake pameran kang nengenake babagan sosial lan sastra.

Ian Watt (sajrone Damono, 2022:7) nyethakake konsep sosiologi sastra kaperang dadi telu yaiku.

1) Konteks Sosial Pengarang

Babagan iki ana sambungrakete kaliyan posisi sosial sastrawan sajrone masarakat lan sambungrakete kaliyan masarakat pamaos. Sajrone punjere iki kalebu uga faktor-faktor sosial kang bisa mangaribawani panyerat minangka pawongan kang mangaribawani isi karya sastrane. kang utama nalika ditliti yaiku (a) kepriye panyerat ngolehake pakaryan; (nrima bantuwan utawa saka masarakat kanthi cara langsung; utawa kerja rangkep, (b) *profesionalisme* panganggit; tekan endi panganggit nganggep pakaryanipun minangka sawijining profesi, lan (c) masarakat apa kang dituju panganggit; hubungan anatarane panganggit lan masarakat kang nduweni paedah kanggo nemtokake wujud lan isi karya sastra.

2) Sastra minangka Cerminan Masarakat

Babagan iki bisa arupa (a) sastra bisa dadi kacapangilone masarakat, (b) nampilake pakta-pakta sosial sajrone karya sastra, (c) *Genre*

sastra asring minangka sikap sosial sawijining klompok tartamtu, lan ora sikap sosial sakabehe masarakat. Nampilake pakta-pakta sosial sajrone masarakat kayata lintah darat, kawin paksa (Siti Nurbaya), kehidupan pelacur (Puisi Nyanyian Angsa anggitane Rendra) lan sapanunggalane (Endraswara, 2013:20-21).

3) Fungsi Sosial Pengarang

Babagan perkara kang kudu digatekake yaiku ngenani sudhut pandhang. Kepriye sudhut pandhang sastra sajrone karya kasebut.

2.5 Konsep Kacangkrangan

Konsep kacangkrangan bakal dijlentrehake dadi limang sub bab, ing antarane (1) tegese kacangkrangan, (2) wujud kacangkrangan, (3) faktor sing njalari kacangkrangan, (4) akibat kacangkranga, lan (5) upaya kanggo ngentas kacangkrangan. Andharan telung sub bab mau bakal dijlentrehake kanthi gamblang ing ngisor iki.

2.5.1 Tegese Kacangkrangan

Sejatine kacangkrangan bisa diidentifikasi minangka taraf urip kang ngisor, bisa ditegesi minangka sawijining kahanan ingendi panguripan masarakat ditandhai karo babagan kang sarwa kurang ing bahan pokok. Miturut Widodo (sajrone Sartika et al., 2016:107) ngandharake yen konsep kabutuhan dhasar disambungake kaliyan kacangkrangan amarga prakara kacangkrangan minangka prakara paling dhasar kang kudu dicandhak. Masarakat umume ora nduweni pengasilan cukup, utawa nganti ora nduweni pengasilan. Masarakat sing ora duwe umume winates sajrone *kemampuan* usaha lan kewates *akses* ing kagiyatan ekonomi saengga kari saka masarakat liyane.

Bank Dunia (sajrone Annur, 2013:314) ngandharake yen kacangkrangan nunjukake telu aspek yaiku : kapisan, kacangkrangan kuwi *multidimensional*. Tegese kacangkrangan kuwi maneka warna saengga nduweni akeh aspek. Kapindho, aspek-aspek kacangkrangan kasebut duweni sesambungan, kanthi cara langsung utawa ora langsung. Lan katelu, kang ora duwe yaiku manungsane, kanthi cara *individual* utawa kanthi cara *kolektif*.

Suryawati (sajrone Nurjanna, 2018:34) ngandharake yen kacingkrangan bisa ditegesi minangka sawijining kahanan ingendi sawijining kulawarga utawa anggota masarakat ora nduweni *kemampuan* pengailan kanggo nyukupi kabutuhan uripe kanthi lumrah saengga ora saguh kanggo njamin kalangsungan urip.. Pendhudhuk ora nduwe umume ana ing dhaerah desa, babagan kasebut disengkuyung kaliyan pamanggih Suwardi (sajrone Sartika et al., 2016:108) ngandharake yen kacingkrangan kang ana ing kampung utawa desa bisa digolongake kanthi cara kacingkrangan papan panggonan utawa kacingkrangan pendhudhuk. Kacingkrangan papan panggonan yaiku papan panggonan kang ora kaatur dene kacingkrangan pendhudhuk bisa dideleng saka segi sosial lan ekonomi kang winates kayata cepake banyu lan listrik sarta prasaranane kang kurang utawa *minim*.

2.5.2 Wujud Kacingkrangan

Kacingkranga kang dimedharake dening Chambers, Chambers (sajrone Zumrudah, 2020:5) ngandharake ngenani wujud kang dadi masalah sajrone kacingkrangan. Konsep kacingkrangan kasebut ndadekake pamawase ilmu sosial dadi amba marang kacingkrangan kang ora mung ngandharake ngenani pengasilan kang mingsra nanging uga kahanan kang kepepet minangka akibat saka mingsrane kuwalitas kesehatan lan pendhidhikan, mingsrane hukum kanggo wong cilik, gampang kena tumindak degsiya, kena resiko negatif sacara politik, lan ora bisa nikelake panguripan kang luwih becik.

Adhedhasar kahanan kacingkrangan kang dipandeng saka masalah *multi deminsional* (nggunakake macam-macam sudhut pandhang), kacingkrangan nduweni patang wujud (Chambers sajrone Adawiyah, 2020:46)).

1) Kacingkrangan *absolut*

Kacingkrangan kang ndadekake salah sawijining kahanan ing ngendi pengasilan pawongan ana ing ngisore garis kacingkrangan. Kacingkrangan *absolut* bisa ditegesi minangka *pengeluaran* salah sawijining pawongan kanggo nyukupi kabutuhan urip.

2) Kacingkrangan *relatif*

Kacingkrangan *relatif* minangka wujud kacingkrangan kang bisa kedadeyan amarga *pengaruh* kabijakan *pembangunan* kang ora rata ing kabeh masarakat. Dhaerah sing durung entuk *jangkauan pembangunan* bisa diarani dhaerah utawa wilayah *tertinggal*.

3) Kacingkrangan *kultural*

Kacingkrangan *kultural* minangka wujud kacingkrangan kang bisa kedadeyan amarga prakara saka anane sikap sarta pakulinan *individu* utawa masarakat, kang umume saka budhaya lan adat istiadate ora pingin ngowahi *taraf* uripe kanthi cara *modern*.

4) Kacingkrangan *struktural*

Kacingkrangan *struktural* minangka wujud kacingkrangan kang sebabake saka sithike *akses* masarakat kanggo sumber daya sing umume dumadi ing tatanan sosial lan budhaya uga sosial politik kang kurang ndukung kabebasan kacingkrangan masarakat ing salah sawijining negara. Umume, kacingkrangan *struktural* nduweni unsur tumindak degsiya.

Sawise anane wujud kacingkrangan, banjur ana kang diarani jinise kacingkrangan kang adhedhasar sipate (Jarnasy sajrone Nurjanna, 2018:39) Jinise kacingkrangan kang adhedhasar sipate yaiku:

1) Kacingkrangan Alami

Kacingkrangan alami disebabake amarga sithike kwalitas sumber daya manungsa lan sumber daya alam, uga bencana alam.

2) Kacingkrangan Gawenan

Kacingkrangan gawenan yaiku nggawe saperangan masarakat ora mampu anggone nguwasai sarana ekonomi lan *berbagai fasilitas* kang ana.

2.5.3 Faktor sing Njalari Kacingkrangan

Kacingkrangan kang kedaden ing negara-negara kang ngrembaka disebabake amarga kabutuhan manungsa kang maneka warna, anane kapemilihan sumber daya kang beda, nuwuhake distribusi pengasilan kang beda. Bisa dideleng yen mayoritas pendhudhuk kang ngalami kacingkrangan namung nduweni sumber

daya alam sing kawatesan. Saliyane iku tingkat pendhidhikan uga mangribawani kwalitas sumber daya manungsa (Zumrudah, 2020:5)

Saka pamawas ing ndhuwur, bisa dipahami yen faktor kacingkrangan kang dominan yaiku sempite lapangan penggaweyan, mingsrane kwalitas sumber daya manungsa, sumber daya alam kang kawates lan kabijikan pamrintah.

Faktor kacingkrangan miturut Kuncoro (sajrone Sartika et al., 2016:109) yaiku:

- a. Sacara Mikro, wong cilik namung nduweni sumber daya sajrone cacah kang winates lan kwalitase kurang.
- b. Kacingkrangan tuwuh amarga anane pambada sajrone kwalitas sumber daya manungsa kang sithik. Sithike kwalitas sumber daya manungsa amarga cilike pendhidhikan.
- c. Kacingkrangan tuwuh amarga akibat akses sajrone modhal.

Sharp (sajrone Zumrudah, 2020:5), kacingkrangan kedadean amarga maneka sebab yaiku:

- a. Mingsrane kwalitas angkatan kerja. Mingsrane kwalitas angkatan kerja kasebut ndadekake para tenaga kerja isih nduweni pengasilan kang sithik lan ora saguh saing karo negara liyane.
- b. Akses kang susah kanggo nduweni modal. Babagan iki ana sambungrakete yen manungsa arepe nggawe usaha kanggo nyukupi kabutuhan urip, nanging kanggo nggawe usaha kasebut ora nduweni banda kang nyukupi.
- c. Mingsrane masarakat marang Teknologi. Saperangan masarakat isih ana sing durung mangerteni teknologi sing wis canggih. Kamangka yen masarakat kasebut duweni *kemampuan* kanggo ngakses medhia elektronik bisa ndolek *informasi* lapangan pakaryan.
- d. Kagunaan sumber daya kang ora efisien. Yaiku anggone nggunakake sumber daya kang kurang trep karo kanggone.

Adhedhasar saka iku, mula kedadean ora slaras antarane gedhene jumlah pendhudhuk karo sithike bahan pangan kang ana. Bab iki minangka salah sawijine panyebab saka kacingngkrangan.

Suharto (sajrone Nurjanna, 2018:43), kacingkrangan dingerteni saka maneka cara lan pangertenan kang dadi utamane yaiku:

a. Gambaran Materi

Babagan ngenani kabutuhan dhasar saben dina kayata sandhang, pangan, lan papan.

b. Gambaran Sosial

Gambaran ngenani kabutuhan sosial kayata *keterkucilan* sosial, *ketergantungan*, lan ora mampu kanggo srawung ing masarakat. Babagan kasebut kalebu pendhidhikan lan *informasi*.

c. Gambaran Pengasilan

Gambaran pengasilan iki nggambarake ngenani kurange pengasilan lan *kekayaan* kang nyukupi.

Panyebab kacingkrangan bisa dideleng saka maneka faktor, Suharto (sajrone Adawiyah, 2020:46) ngandharake kacingkrangan akeh disebabake karo maneka sebab ing antarane:

- 1) Panyebab Individual, utawa Patologis, kang ndeleng kacingkrangan minangka akibat saka prilaku, pamilihan utawa kasanggupan saka pawongan kang ngalami kacingkrangan.
- 2) Panyebab kluwarga, kang nyambungake kacingkrangan karo pendhidhikan kluwarga.
- 3) Panyebab Kultural (kabiasaan saka awake dhewe), kang nyambungake kacingkrangan marang panguripan sabendina, kayata males, nyerah ing nasib, lsp.
- 4) Panyebab agensi, kacingkrangan minangka prakara saka kalakuwane wong liya, kayata perang, pamarintah, lan ekonomi.
- 5) Panyebab struktural, kang menehi alesan yen kacingkrangan minangka asil saka struktur sosial. Panyebab kacingkrangan sabagean kedadean amarga kasugihan rakyat sing dijupuk karo wong liya sing dudu asli pendhudhuk ing wilayah iku lan kasanggupan kanggo nyiptakake kasugihan diilangake.

Saka andharan ing ndhuwur, bisa didudut yen citra kacingkrangan mujere ana ing pamawase Suharto (sajrone Zumrudah, 2020:6) kang milah citra

kacingkrangan ana telung bagean yaiku citra materi, citra sosial, lan citra pengasilan.

2.5.4 Akibat Kacingkrangan

Anane faktor kacingkrangan, kacingkrangan bisa nuwuhake maneka warna akibat. Miturut Nugroho lan Dahuri (sajrone Zumurudah, 2020:6) kacingkrangan sajrone masarakat disebabake amarga kawatesan sumber daya alam lan sumber daya manungsa. Dampak kacingkrangan kasebut uga bisa arupa kriminalitas, rasa minder, lan sapiturute.

2.5.5 Upaya Ngentas Kacingkrangan

Kacingkrangan minangka masalah sosial kang angel diprantasi. Kacingkrangan bisa nyebar ing dhaerah-dhaerah kang sadurunge nduweni tingkat kacingkrangan kang winates, amarga kacingkrangan yen ora age-age diprantasi bisa nuwuhake panyebab kacingkrangan liyane.

Saka kuwi, wigati kanggo pamrintah kanggo ngentas masalah sosial kacingkrangan kasebut. Miturut Nizam (sajrone Zumurudah, 2020:6) medharake maneka upaya kanggo ngentas kacingkrangan, ing antarane yaiku

1) Ngenani Pendhidhikan

Pamrintah menehi kewajiban kanggo sekolah 12 taun, nanging saperangan masarakat ora duwe sing ana ing desa ora saguh nyekolahake anake. Mula pamrintah kudu *tepat sasaran* anggone menehi bantuwan ben kabeh bisa nggayuh pendhidhikan kang becik.

2) Njangkepi Kabutuhan Impor

Yaiku njangkepi kabutuhan kang ora bisa diasilahe saka negeri dhewe kayata barang lan jasa. Amarga babagan kasebut kanggo nyukupi kabutuhan industri kang diperluake.

3) Nyiptakake Lapangan Penggaweyan

Kanggo ngentas kacingkrangan pamrintah bisa nyiptaake lapangan pakaryan sing bisa nrima akeh tenaga kerja sahingga bisa ngentas kacingkrangan.

2.6 Landhesan Teori

Panliten iki nggunakake landhesan teori kanggo nganalisis dhata. Teori nganalisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori sosiologi sastra kang jumbuh kaliyan undheran panliten. Teori sosiologi sastra kang digunakae yaiku kang jumbuh kaliyan teori sosiologi sastra gagasane Ian Watt (Damono, 2022:7) kang nengenake unsur tema kang paling onjo lan katon. Perangan kang paling onjo ing novel “*Ontran-Ontran Sarinem*” anggitane Tulus Setiyadi yaiku ing peranan tema, kang mligine ngenani kacingkrangan kanthi analisis sosiologi sastra.

BAB III

METODHE PANLITEN

Metodhe panliten minangka tata cara kang digunakake kanggo nemokake pamecahan masalah kanthi nggoleki kepriye carane nglaksanani, alat lan bahan apa kang digunakake sajrone panliten. Bab iki bakal njlentrehake lan ngandharake tata cara panliten, yaiku kanthi nemtokake ancangan panliten, titingan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata panliten, tata cara njlentrehake dhata panliten, teknik nguji keabsahan dhata, lan tatacara njlentrehake asil panliten. Luwih cethane bakal dijlentrehake lan diandharake ing ngisor iki.

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan panliten minangka carane panggarap sadurunge panliten ditindakake kang awujud rantaman ngenani panliten. Panliten ngenani Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi iki mujudake panliten kuwalitatif. Panliten kuwalitatif yaiku panliten kang adhedhasar marang narasi lan dheskripsi dhata. Denzin & Lincoln (sajrone Zumrudah, 2020:29) menehi watesan yen panliten kuwalitatif mujudake panliten kang luwih nengenake marang proses lan makna tinimbang pangukuran (kang luwih akeh digunakake sajrone panliten kuwantitatif). Panliten kuwalitatif luwih nengenake panylidhikan, nggoleki wangsuln, pengalaman sosial-budaya, lan sesambungan interaksional karo informan. Aminuddin (sajrone Zumrudah, 2020:7) ngandharake yen dhata ing panliten kualitatif ora asipat mutlak lan kudu ana.

Panliten iki mujudake panliten kuwalitatif kanthi nggunakake teknik dheskriptif. Teknik dheskriptif yaiku teknik kanggo ndheskripsike sawijine fenomena, prastawa, kedadayan kang dumadi (Sudjana lan Ibrahim sajrone Zumrudah, 2020:29). Panliten kuwalitatif dheskriptif minangka panliten kang nengenake dhata ilmiah, yaiku dhata kang gegayutan karo konteks kang bakal didheskripsikake. Panliten kuwalitatif dheskriptif iki, bisa mujudake salah sawijining panliten kang bisa ngandharake samubarang kang arep ditliti sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kanthi cetha. Banjur, saka panliten iki bakal dionceki lan diwedhar siji mbaka siji nganti nemokase asil kang

cetha. Anane ancangan panliten iki bakal bisa ngewangsuli undheran panliten kang wis diandharake ing bab purwaka, kanthi ngasilake dhata arupa tembung-tembung tinulis lan lisan ngenani kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi.

3.2 Tintingan Panliten

Tintingan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra yaiku tintingan sing ditindakake panulis ngenani sastra kang nengenake ing masarakat (Damono, 2022:2). Mula, sajrone mangerteni masalah ing karya sastra kanthi cara sosiologi sastra, gelem ora gelem kudu sesambungane karo masalah kang nyata sajrone masarakat.

Ian Watt sajrone (Damono, 2022:7) milah telung tipe tintingan sosiologi sastra yaiku konteks sosial pengarang, cerminan masarakat, lan fungsi sosial pengarang. Sajrone panliten iki, novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi ditintingi nggunakake tipe tintingan sosiologi konteks sosial pengarang lan cerminan masarakat kang mujudake telung aspek yaiku gegambaran kacingkrangan, dampak kacingkrangan, sarta upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone karya sastra kang sesambungane klawan kasunyatan.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten iki minangka babagan kang wigati kanggo nindakake panliten. Luwih cethane ing ngisor iki bakal dijlentrehake lan diandharake ngenani sumber dhata lan dhata panliten.

3.3.1 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata kasebut diolehake (Rahmadi, 2011:60). Rahmadi uga ngandharake yen sumber dhata sajrone panliten ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Dhata kasebut bisa dujupuk saka sumber dhata ing ngisor iki.

1) Sumber Dhata Primer

Sumber dhat primer kang digunakake ing panliten iki arupa novel kang nduweni irah-irahan *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi. karya

sastra kasebut mujudake sastra kang nggunakake basa Jawa anggone nulis crita. Diterbitake ing Lamongan, dening penerbit Lentera Ilmu, ing wulan April 2017 kang minangka cetakan kapisan kanthi nduweni 152 kaca. Novel iki ditulis dening siji pangripta yaiku Tulus Setiyadi kang nduweni jeneng jangkep Tulus Setiyadi, STP. Novel iki nduweni tema kang paling onjo yaiku ngenani kacingkrangan.

2) Sumber Dhata Sekunder

Sumber dhata sekunder nduweni teges sumber kang wujud buku-buku minangka panyengkuyung ing sajrone panliten iki. Buku panyengkuyung kuwi nduweni gegayutan karo prakara kang ana sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi. Sumber dhata sekunder iki ora mung arupa buku, nanging uga bisa wujud asil panliten kang wis kalaksanan, internet, jurnal, artikel, lan sapanunggalane kang ana gayutan ngenani prakara sing diteliti.

3.3.2 Dhata Panliten

Dhata panliten minangka alat kanggo mbuktekake underan panliten kang ana. Dhata panliten diolehi saka sumber dhata kang diteliti. Cundhuk karo pamawase (Rahmadi, 2011:60) dhata panliten yaiku *informasi* kang diolehake saka sumber panliten kasebut. Sumber dhata panliten kasebut arupa karya sastra novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi. Anane sumber dhata bisa nuwuhake dhata kang awujud tembung-tembung, frase utawa ukara kang ana sajrone karya sastra kasebut. Tembung-tembung kasebut bakal dianalisis kanggo nuduhake prakara sosial wujud kacingkrangan kang ana sajrone novel kuwi.

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen panliten minangka alat kang digunakake kanggo ngumpulake dhata. Sajrone panliten iki instrument kasebut yaiku panliti dhewe, jalaran ing panliten iki merlokake penapsiran utawa pemahaman saka panliti. Badussamad (2021:141) ngandharake yen panliti kualitatif yaiku minangka *human instrumen* kang nduweni ancas netepake undheran panliten, milih sumber dhata, nglakokake pangumpulan dhata, analisis dhata lan nggawe dudutan. Panliti uga mujudake instrumen kang utama utawa minangka subyek kang bakal njlentrehake lan ngandharake asil panliten iki. Panliten iki mbutuhake instrumen liya kang arupa

novel, buku tulis, pulpen utawa patelot lan busek. Instrumen kang wis dijlentrehake kasebut minangka panyengkuyung kanggo nindakake panliten iki.

3.5 Tata Cara Ngumpulake Dhata Panliten

Tata cara ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik studi pustaka. Teknik studi pustaka yaiku teknik pangumpulan dhata panliten kanthi penelaah marang buku-buku, literatur-literatur, cathetan, lan laporan-laporan sing nduweni gegayutan sajrone panliten iki (Nazir sajrone Zumrudah, 2020:32). Teknik iki digunakake kanggo mikolehake dhasar-dhasar lan pamawas kang katulis. Teknik kasebut ditindakake kanthi cara nyinaoni saperangan referensi sing gayut karo panliten iki supaya bisa digunakake kanggo mikolehi dhata sekunder minangka landhesan teori ngenani underan panliten kang bakal dirembug. Panliten iki nggunakake sumber-sumber pustaka minangka acuan sajrone panliten kang ditrepake nalika nggolek lan ngumpulake sekabehane dhokumentasi utawa dhata-dhata kang ana sajrone karya sastra modern novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi. Tata carane ngumpulake dhata kayata kang dijlentrehake lan diandharake ing ngisor iki, ing antarane:

- 1) Teknik Maca, yaiku maca bola-bali novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi saka wiwitan nganti pungkasan supaya bisa ngerteni ngenani kedadayan utawa prakara apa kang diandharake dening pangripta sajrone novel kasebut.
- 2) Teknik Nyathet, yaiku menehi tandha utawa nyatet marang tembung-tembung utawa ukara kang nuduhake prakara kang bakal diteliti saka novel lan jurnal artikel kang ana gegayutane karo underan panliten.
- 3) Teknik Klasifikasi, yaiku nggolongake dhata kang wis dikumpulake adhedhasar underan lan tujuwane panliten. Ing tahap iki nduweni tujuwan kanggo jupuk dhata kang diperlokake yaiku ngenani gegambaran, dampak, lan upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi.

3.6 Tata Cara Njlentrehake Dhata Panliten

Tata cara njlentrehake dhata panliten iki ditindakake sawise ngumpulake dhata kang laras karo underan lan tujuwane panliten. Tata cara njlentrehake dhata

kanthi teknik analisis dheskriptif. Badussamad (2021:159) analisis dhata yaiku kagiyatan nyusun kanthi sistematis dhata kang wis diolehake. Dhata kang wis ngumpul banjur dianalisis kanthi cara ingisor iki:.

- 1) Idhidentifikasi dhata. Maca lan ngerteni dhata kang wis dikumpulake ing novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 2) Klasifikasi dhata. Menehi tandha marang dhata ngenani gegambarane, dampak, lan upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 3) Analisis dhata. Nganalisis dhata kang wis dikumpulake kanthi rinci lan gamblang ngenani gegambarane, dampak, lan upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi.
- 4) Ndudut asil panliten. Nggawe dudutan kang gegayutan karo kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi (tintingan Sosiologi Sastra).

3.7 Tata Cara Njlentrehake Asil Panliten

Panliten iki bakal njlentrehake lan ngandharake dhata asil panliten ngenani novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi. Penjabarane asil panliten yaiku ndheskripsikake dhata kang wis diolehake. Dhata kaperang dadi telu yaiku dhata arupa wujud gegambaran kacingkrangan, dampak, lan upaya kanggo ngrampung kacingkrangan.

Sawise asil kasebut dijlentrehake, ana bab kang kudu diugemi yaiku sistem panulisan. Sistem iki wigati jalaran saka penulisan kasebut bisa dingerteni lan dipahami asil panliten kang diolehake. Sistem panulisan kasebut manut sistem panulisan karya ilmiah yaiku skripsi. Asile panliten bakal ditulis miturut sistematika panulisan skripsi, yaiku.

BAB I : Purwaka ngandharake ngenani landhesane panliten, underane panliten, tujuwane panliten, paedahe panliten, watesane panliten, lan panjlentrehe tetembungan.

BAB II : Tintingan kapustakan ngandharake ngenani teori utawa

tintingan kang bakal digunakake. Sajrone iki uga ana konsep-konsep teori kang ana gayutane karo objek kang lagi ditliti.

BAB III : Metodhe panliten ngandharake ngenani ancangan panliten, tintingan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata panliten, tata cara njlentrehake dhata panliten, lan tatacara njlentrehake asil panliten

BAB IV : Andharan asil panliten ngandharake ngenani wangsulan saka underane panliten.

BAB V : Panutup ngandharake ngenani dudutan lan pamrayoga.

KAPUSTAKAN : Kapustakan iki ngandharake ngenani sumber-sumber referensi sajrone ngelaksanani panliten kang slaras karo objek panliten lan bisa dadi sumber referensi sajrone panliten, kayata buku, jurnal artikel, *e-book*, skripsi lan sapanunggalane .

BAB IV

ANDHARAN

Bab IV ing kene ngandharake asile panliten kang mujudake wangsulan saka prakara ing undheran panliten. Isine bab iki diperang dadi telung sub bab kang sesambungan karo undherane panliten yaiku (1) gegambaran kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi, (2) dampak kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi, (3) upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi, lan (4) sambung rakete kacingkrangan ing novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi karo panguripan. Patang sub bab kasebut dijlentrehake kanthi kajian sosiologi sastra mligine sosiologi sastra lan Watt. Luwih cethane ing ngisor iki.

4.1 Gegambaran Kacingkrangan sajrone Novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi

Kacingkrangan minangka masalah *multidimensi* amarga ana sambungrakete kaliyan ora saguhe akses sacara ekonomi, sosial budaya, politik lan panyengkuyung sajrone masarakat. Kacingkrangan secara harfiah bisa ditegesi minangka kahanan kang ora nduweni apa-apa kanthi cukup. Kacingkrangan uga didefinisiake minangka salah siji kondhisi ora saguhe secara ekonomi kanggo njangkepi standar urip rata-rata masarakat ing dhaerah. Kondhisi ora saguhe iki ditandhai karo sithike kawasisan pengasilan kanggo njangkepi kabutuhan pokok arupa sandhang, pangan, lan papan. Kawasisan pengasilan kang winates iki uga nduweni dhampak kanggo njangkepi standar urip kayata kesehatan masarakat lan standar pendhidhikan (Suryadi, 2020).

Kacingkrangan ing desa bisa disebabake saka warisan generasi sadurunge menyang generasi sabanjure. Bocah ora pikantuk pendhidhikan amarga kluwargane ora mampu kanggo nyekolahake, kahanan kacingkrangan kaya mengkene iki bisa kagawa nganti diwasa. Sabanjure bakal kaya mangkono sateruse kahanane nganti ana sing ndobrak kanggo metu saka kahanan kasebut lan nduweni tekad kang gedhe kanggo ngowahi panguripane kang luwih becik.

Sacara umum, gegambaran kacingkrangan kang ana sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi dibedakake dadi rong bageyan yaiku (1) kacingkrangan kanthi gegambaran materi, lan (2) kacingkrangan kanthi gegambaran sosial.

Kacingkrangan kanthi gegambaran materi kang ditemokake ing sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi dibedakake dadi rong bageyan (1) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pangan, lan (2) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pengasilan. Banjur, kacingkrangan kanthi gegambaran sosial kang ditemokake ing sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi ana (1) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pendhidhikan.

4.1.1 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pangan

Kabutuhan pangan yaiku kabutuhan kang kudu dicekapi saben dinane amrih awak tetep nduweni tenaga kanggo nglakoni utawa nglaksanakake kegiatan. Yen kabutuhan kasebut ora kacukupan, mula bisa ndadekake awak krasa lemes, males, lan weteng krasa lara, sahingga bisa ndadekake seda yen ta dijarna kanthi suwe. Kabutuhan pangan mesthi dadi masalah utama kanggo wong kang kebulet kacingkrangan, dadi babagan kang dadi pikir saben dinane. Kacingkrangan ndadekake dheweke kudu ngempet rasa luwih. Ora bisa milih-milih panganan lan namung bisa mangan sakanane, kang wigati weteng bisa kaisi utawa wareg.

Salah siji gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi yaiku winatese pangan. Pawongan bisa disebut ora duwe utawa winates yen kabutuhan pangane ewuh kanggo dicekapi. Babagan kasebut katon ing sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kaya dene ing pethikan ngisor iki.

“Sawetara kuwi rasa bingung kaluwargane Pak Sarimun durung entuk wangsulan, malah Sarkun wis ngirim barang-barang maneh. Beras, gula, lenga goreng, daging, kevap, bumbon-bumbon, roti, rokok uga pakeyan kanggo Pak Sarimun lan Mbok Pajjem.

...

Kepeksa barang-barang sing dikirim Sarkun padha kanggo mangan saben dina, kalebu Sarinem. Satemene pancen rada ora kepenak, nanging tinimbang diumbar bosok malah muspro.”

(Setiyadi, 2017:39)

Pethikan ing ndhuwur, nggambarake kluwargane Pak Sarimun saben dina mangan barang-barang kang dikirim Sarkun marang kluwargane. Ing pethikan kasebut, nggambarake kacingkrangan kanthi winatese pangan lumantar mangan barang-barang kang diwenahi wong liya. Kanggo wong cilik kang ekonomine kurang barang-barang kasebut wigati banget kanggo nyukupi uripe saben dina. Kahanan kang digambarake kasebut nggambarake winatese ekonomi saka wong cilik kanggo nyukupi kabutahane saben dina. Masarakat kang ora duwe utawa wong cilik biyasane ora bisa nyekapi kabutuhan pangane kanthi *empat sehat lima sempurna*. Amarga masarakat ora duwe utawa wong cilik ora prekara kuwalitas utawa kenikmatan nanging panganan kasebut kang wigati bisa gawe warege weteng. Beda karo masarakat kang kondhisi ekonomine mampu kanggo jangkapi kabutuhan pangan.

Adhedhasar wujud, gegambaran kacingkrangan kang digambarake ing pethikan ing ndhuwur yaiku kacingkrangan *absolut* lan *relatif*. Diarani minangka wujud kacingkrangan *absolut* amarga pengasilan kang diolehi luwih sithik sahingga ora bisa nyukupi kabutuhan. Kacingkrangan *relatif* amarga wong cilik minangka korban saka kurang wigatine pamrintah sajrone nglaksanakake pungsi kanggo ngejahahterakake masarakat. Kebijakan-kebijakan kang dilakoni pamrintah durung mihak ing masarakat cilik utawa bisa disebut durung rata sahingga babagan kaya ngene isih ana.

Ora namung kepeksa mangan barang kang diwenahi wong liya, sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi ngenani gegambaran kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pangan uga ana ing pethikan ngisor iki.

“...Karomaneh selawase iki Mbok Paijem menawa blanja ora nganti luwih ngungkuli apa sing dikirim Sarkun. Pikirane sing baku ora njaluk, lan rejeki kuwi teka dhewe.

...

Kayangapa bungahe Sarkun, bareng mesthi Sarinem nganggo klambi sing diwenehake lan sajak ngguya-ngguyu”

(Setiyadi, 2017:39)

Pethikan ing ndhuwur, nggambarake yen Mbok Paijem bojone Pak Sarimun ora tau blanja barang utawa panganan sing enak utawa larang. Saka

pethikan kasebut katon yen kondhisi ekonomi Mbok Paijem utawa Pak Sarimun kurang mampu utawa ora duwe. Masarakat cilik utawa masarakat kang ekonomine kurang mampu bakal mikir pindhho yen arep tuku barang utawa panganan larang kayata buah apel, jeruk, salak kaya apa sing dikirim Sarkun marang kluwargane Mbok Paijem utawa Pak Sarimun. Beda karo masarakat kang ekonomine nyekapi mesthi dituku barang utawa panganan kang dipingini masiya kuwi larang. Sarkun uga ora mung ngirim panganan wae, nanging uga ngirim pakeyan kanggo Pak Sarimun lan kluwargane, salahwajine kanggo Sarinem.

Adhedhasar wujud, pethikan ing ndhuwur yaiku wujud kacingkrangan kultural ing ngendi sikap lan kabiasaan masarakat kuwi dhewe kang nandhai awake minangka masarakat ora duwe. Banjur, babagan kasebut uga kalebu ing kacingkrangan alamiah amarga ora anane sumber daya manungsa kang ana, nanging uga bisa diklasifikasikna minangka kacingkrangan *relatif* amarga ora anane *pemerataan kebijakan* sahingga masarakat desa durung nduweni sarana lan prasarana kang madai.

4.1.2 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pengasilan

Masarakat sing ora duwe biyasane onjo (*identik*) karo pengasilane kang cilik utawa titik. Babagan kuwi wis mesthi kedadeyan yen panggaweyan kang diduweni ora njanjeni asil kang pener. Sahingga masarakat kang nduweni pakaryan nanging ora njanjeni asil sing gedhe bakal kasungkur ing luwangan kacingkrangan. Kacingkrangan metu minangka masalah yen pambada kedhudhukan ekonomi masarakat ditetepake secara teges. Winatese wawasan, kurange ketrampilan, kesehatan kang kurang becik, sarta babagan pakaryan kang winates bisa mangribawani pengasilan saperangan manungsa. Gegambaran kacingkrangan kanthi minime pengasilan katon ing novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi. Sarinem minangka anake wong tani saben dinane namung bisa melu ing sawah kanthi asil kang ora sepira dibandhingake karo pegawai kantor.

Makarya dadi tani yaiku penggawean nandur tanduran ana ing sawah, lumrahe nandur pari utawa bisa uga nandur sayur-sayur kang asile bakal didol kanggo nyukupi kabutuhane. Diandharake dening Todoro lan Smith yen masarakat kacingkrangan ana ing padesan lumrahe mudhun langsung ana ing

aktivitas sajrone pertanian lan kalebu masarakat asli sing manggon ana ing kana, makarya dadi tani subsisten kanthi upah sing sithik (sajrone Ridena, 2020:40).

Senajan pakaryan dadi tani kaya-kaya wis lumrah banget ditandangi dening masarakat cilik, nanging makarya dadi tani ora isa diarani penak tur gampang. Ngopeni tanduran mbutuhake wektu sing ora sedhela, durung maneh tenaga lan kudu ngopeni saben dina supaya tandurane tetep apik ora dipangan tikus lan hama liyane. Makarya dadi tani mbutuhake rekasa sing ora sithik lan asile durung mesthi bisa nyukupi kabutuhan kanggo kulawargane. Babagan kasebut kayata ing pethikan ngisor iki.

“Pancen Sarinem nganti saiki ngrasakna abote urip dadi kaum tani. Sabane turut sawah, mepe awak nanging asile ora pati sepiraa. Draja pancen ana ngisor menawa dibandhing pegawai kantor. Mbok menawa wis takdir dadi wong tani iku pancen rekasa lan ora nduweni aji. Beda pegawai kantor saben-saben nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng. ...”

(Setiyadi, 2017:33)

Pethikan ing ndhuwur, nggambarake yen pakaryan Pak Sarimun yaiku tani. Pakaryan kasebut pengasilane winates banget saengga ora menehi jaminan urip kang luwih becik ing masa ngarep. Banjur, pakaryane tani pancen onjo minangka pakaryane masarakat sing ora duwe. Pramila pakaryan kasebut ora menehi jaminan sing becik kayata ing kutipan “*Sabane turut sawah, mepe awak nanging asile ora pati sepiraa*”. Yen pakaryan tani menehi asil sing gedhe lan gawe mareme ati kanggo masarakat, temtu kacingkrangan ora mesthi kedadeyan sabab, pengarepan kanggo masa ngarep sing padhang bakal kegayuh saka asil-asil tani kasebut.

Pakaryan tani sing ditandang dening Pak Sarimun kalebu golongan petani cilik, amarga sawah sing diolah ora amba. Ssil sing diasilake saka pakaryan kasebut uga ora akeh, sahingga kanggo nyukupi kabutuhan saben dina isih kurang-kurang. Slaras karo panemune Abidin lan Wahyuni (2015:28) petani cilik yaiku petani sing ora nduweni lahan sing amba, carane ngolah sawah uga isih tradhisional, sarta kurane pendhidhikan petani cilik ndadekake upah petani cilik ora cukup kanggo nyukupi kabutuhan omah.

Gegmbaran kacingkrangan kang digambarake ana pethikan ing ndhuwur yaiku (1) kacingkrangan *absolut* yaiku kacingkrangan kang ana amarga sithike pengasilan masarakat, (2) kacingkrangan *relatif* yaiku kacingkrangan kang ana amarga kabijakan pamrintah kang ora mihak marang kadang tani. Yen ta kabijakan pamrintah luwih mihak ing tani kanthi cara ngunggahake rega gabah, lan menehi subsidi utawa bantuwan kanggo kabutuhan tani kanthi kusus, tamtu kacingkrangan ing donya tani ora nganti kedaden.

Babagan asil wis ora pati sepira, dadi wong tani uga mesthi mikir yen tandurane kena penyakit uga nalika mangsa rendheng sawah bisa banjir kang ndadekake ora bisa panen. Sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi ngenani gegambaran kacingkrangan kang digambarake kanthi minime penghasilan uga ana ing pethikan ngisor iki.

“Beda pegawai kantor saben-saben nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng. Sawetara kuwi wong tani glaput lendhut, adus kringet. Durung menawa tetandurane kena hama utawi wanci rendheng, kejaba rusak regane anjlog.”
(Setiyadi, 2017:33)

Saliyane dadi tani sing asile ora pati sepira, nalika wis kena udan biyasane bisa nyebabake tanduran rusak lan rega panenane anjlog. Babagan kuwi uga bisa nyebabake pengasilane para tani salah sijine Pak Sarimun sing ora akeh utawa winates. Amarga pakaryan tani uga gumantung saka wancine rendheng utawa ketiga. Gegmbaran kacingkrangan kang digambarake ana pethikan ing ndhuwur uga nggambarake (1) kacingkrangan *absolut* yaiku kacingkrangan kang ana amarga sithike pengasilan masarakat, (2) kacingkrangan *relatif* yaiku kacingkrangan kang ana amarga kabijakan pamrintah kang ora mihak ing tani. Yen ta kabijakan pamrintah luwih mihak ing tani kanthi cara ngunggahake rega gabah, lan menehi subsidi utawa bantuwan kanggo kabutuhan tani kanthi kusus, tamtu kacingkrangan ora bakal kedaden. Winatese pengasilan uga disebabake amarga jinise pakaryan.

Pakaryan yaiku kegiatan kang dilaksanakake kanggo ngolehake dhuwit ing ngendi dhuwit kasebut kanggo nyekapi kabutuhan urip. Pakarya asring didadekake minangka *tolok ukur* kasejahteraan masarakat. Sajrone novel *Ontran-*

Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi yaiku tani. Tani yaiku pakaryan nandur tanduran ing sawah, umume tanduran kang ditandur yaiku pari utawa jinis tanduran liyane kang asile banjur didol kanggo nyukupi kabutuhan. Todoru lan Smith ngandharake dene masarakat cilik ing desa umume pakaryane padha dadi tani, lan pakaryan dadi tani umume pengasilane sithik/rendah (sajrone Firdaus, 2022:5). Dadi tani ora pakaryan kang gampang amarga mbutuhake tenaga lan waktu kang suwe nganti panen asil tanduran. Nanging dadi tani uga diwedeni karo babagan *gagal panen* lan anane penyakit (hama).

Ing Indonesia dhewe, pakaryan minangka tani digolongake minangka pakaran masarakat klas nisor. Klas nisor ing babagan iki yaiku masarakat karo taraf ekonomi kang lemah utawa sithik. Kacingkrangan kang digambarake karo jinis pakaryan katon ing sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi. Babagan kasebut katon ing pethikan ngisor iki.

“Pancen Sarinem nganti saiki ngrasakna abote urip dadi kaum tani. Sabane turut sawah, mepe awak nanging asile ora pati sepiraa. Drajata pancen ana ngisor menawa dibandhing pegawai kantor. Mbok menawa wis takdir dadi wong tani iku pancen rekasa lan ora nduweni aji. Beda pegawai kantor saben-saben nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng. ...”

(Setiyadi, 2017:33)

Pethikan ing ndhuwur, nggambarake yen kluwargane Sarinem nduweni pakaryan minangka wong tani. Gegambaran kacingkrangan sajrone pethikan kasebut ditandhani karo jinis pakaryan masarakat kang katon yen pakaryan minangka tani pancen akeh-akehe diduweni masarakat cilik. Pakaryan tani dhewe biyasane ana ing kalangan masarakat kang manggon ing desa. Ing desa isih akeh karangan kang bisa diolah utawa digarap dadi sawah. Beda karo ing kutha, karangan wis saya sithik amarga kagusur dening pamangune gedhung utawa bangunan kang dhuwur. Sahingga sawah-sawah wis ora ana maneh ing samadyaning kutha.

Wong cilik kang nduweni pakaryan tani, pakaryan kasebut ora nduweni jaminan ing mangsa ngarep. Tuladhane yaiku ora bisa nyekolahake anake kanthi dhuwur. Babagan kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Iya, banjur arep kerja apa? Sekolah mung tekan SMP, anake buruh tani. Umpama areo kerja ing kantor ora nduwe pengalaman apa-apa.”

“Umpama kerja nggone wong dadi babu piye?” pitakone Sarinem semu isin.

(Setiyadi, 2017:54)

Pethikan ing ndhuwur, katon yen pakaryan wigati banget kanggo panguripan saben dina. Saben pakaryan uga nduweni dampak ing panguripan. Kayata pakaryan sing diduweni bapake Sarinem minangka tani. Sarinem sekolah mung tekan SMP amarga ekonomi sing diduweni sithik banget, mula kanggo nerusake sekolah katon abot. Ora babagan sekolah, kanggo mangan saben dina wae angel. Mula saka iku Sarinem ora nerusake sekolah mung tekan SMP.

Saka pethikan ing ndhuwur ngenani kacingkrangan kang digambarake kanthi jinise pakaryan diklasifikasikake minangka kacingkrangan *absolut* lan kacingkrangan alamiah.

4.1.3 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pendhidhikan.

Gegambaran kacingkrangan sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi yaiku winatese pendhidhikan, salah sijine yaiku sekolah formal. Sekolah formal yaiku sekolah kang ana ing sajrone pendhodhikan formal lan dilaksanakake ing sajrone lembaga uga lingkungan sekolah. Ancas sekolah formal kanggo ngolehake ijazah, kanthi siswa kasebut melu saperangan ujian utawa tes kang dadi indikator lan sarana kelulusan siswa. Kabeh kegiatan sajrone pendhidhikan becik kuwi mulang utawa sinau ana ing sekolah kabeh. Pranatan lan sragam kang kudu digawe karo siswa minangka wujud kewajiban sajrone sekolah formal (Elihami sajrone Amalia, 2022:9). Sajrone sekolah formal ana jenjang SD 6 taun, SMP 3 taun, SMA 3 taun, lan perguruan tinggi utawa universitas. Mula saka sithike pendhidhikan bisa ndadekake manungsa bodho. Bodho amarga kurang anggone ngolehi pendhidhikan utawa pasinaon.

Sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi, Sarinem kalebu ing kluwarga masarakat cilik, sahingga Sarinem ora bisa nggayuh pendhidhikan formal kanthi dhuwur. Saka kahanan sing kaya mengkana, masarakat gedhe utawa sugih kanthi gampang anggone ngapusi, kuya-kuya, ilses-iles, nyulikani, lan liya liyane kayata ing pethikan ngisor iki.

“Wong cilik kaya awake dhewe iki Mbok, wis uripe sengsara kokmalah arep diiles-iles. Menawa wani kon maju siji-siji, yoben ngetokna dhadhane. Kudune malah awèh patuladhan kang becik dadak reka-reka sing ora bener. Apa dikira menawa aku mung lulusan SMP wae ora wani ngadhepi wong-wong kaya kuwi.”
(Setiyadi, 2017:50)

Pethikan ing ndhuwur, nggambarake yen wong cilik sing uripe wis sengsara malah arepe diiles-iles karo wong gedhe (sugih). Pancen wong gedhe biyasane luwih dhuwur pendhidhikan lan ekonomine, nanging ora kudu ngiles-iles wong cilik sing nduweni ekonomi lan pendhidhikan sing sithik. Kurange pendhidhikan yaiku dadi perkarane wong akeh. Disebut minangka perkara amarga pendhidhikan kalebu babagan kang ora gampang. Saka miwitine, sisteme, uga biyayane kang utama kanggo wong kang kurang utawa wong cilik. Ancas saka pendhidhikan yaiku kanggo mulyakake manungsa utawa *memanusiakan manusia*. Babagan kasebut ora gampang kanggo dilaksanakake. Ora namung babagan ilmu basa, sastra, lan sapiturute, nanging uga ngengingi babagan kang ana sambungrakete kaliyan panguripan manungsa saben dinane. Kalebu ing sistem, pendhidhikan kalaksanan kanthi rong cara yaiku sacara formal lan ora formal (Dantes sajrone Amalia, 2022:8-9). Wigatine kualitas ilmu sajrone pendhidhikan, ora namung sisteme kang becik, nanging masarakat kang ana ing dunya pendhidhikan uga kudu luwih siyaga utawa siyap lan bisa melu nyengkuyung sajrone minangka paraga.

Gegambaran kacingkrangan kang digambarake kanthi minime pendhidhikan sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi yaiku ora saguhe masarakat sahingga gampang kanggo diapusi, dikuya-kuya, diiles-iles, diculikani, lan liya liyane uga wong cilik bisa dadi kembang lambene wong utawa masarakat. Gegambaran kacingkrangan kanthi winatese pendhidhikan kasebut uga kalebu minangka kacingkrangan struktural.

4.2 Dampak Kacingkrangan sajrone Novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi Klawan Kanyatan?

Novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitané Tulus Setiyadi minangka salah sawijining novel ngenani kacingkrangan. Kacingkrangan wis mesthi ana ing panguripan masarakat. Novel kasebut ngrembug ngenani kacingkrangan kang ana

ing salah sawijining kaluwarga. Yen dideleng pancen sajrone masarakat mesthi ana sing nduweni ekonomi sithik lan akeh (wong cilik lan wong gedhe). Dampak gegambaran kacingkrangan klawan kanyatan pancen ana sambungrakete.

Kacingkrangan bisa nuwuhake babagan kang becik (*positif*) lan babagan kang ala (*negatif*). Babagan kang becik bisa arupa rasa semangat makarya kanggo uwal saka kacingkranga kang diadhepi. Dene babagan kang ala isa nuwuhake prilaku kriminal. Kriminalitas kuwi dhewe minangka masalah kang ana ing samadyaning masarakat lan angel banget kanggo diilangi.

Apa maneh kurang luwih rong taun ana pagebluk sing dhampake gedhe banget, salah sijine yaiku ilange pakaryan sing ngundhakake kacingkrangan ing masarakat. Kacingkrangan nalika ana pagebluk mundhak banget tinimbang taun-taun sadurunge ana pagebluk. Anane pagebluk iki, angel banget kanggo ndolek pakaryan. Saengga ana wae wong kang cupet pikire kanggo ndolek dhuwit kanthi cara sing kudune ora olah ditindakake. Salah sijine yaiku wong cilik kang dadi sasaran kanthi cara mupangatake kahanan sing ana. Tuladhane yaiku menahi masker kanthi wara-wara gratis nanging nalika oleh masker dikongkon bayar saikhlase. Sing kaya mengkunu salah sijine kegiatan kang mupangatake kahanan sing ana amarga butuh dhuwit.

Mula saka iku, gayute dampak gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi yaiku dianggep remeh lan ngalami tumindak degsiya.

4.2.1 Dianggep Remeh

Masarakat cilik asring dianggep remeh (rendah) amarga kerep dianggep nduweni kebiasaan kang ala dibandhingake karo klompok utawa masarakat gedhe. Anggepan kaya mengkono ora mung dilakoni dene masarakat liyane, nanging uga bisa dilakoni dene pamrintah. Nalika isih jaman virus corona rong taun kepungkur, pamrintah menahi pernyataan yen ta wong cilik utawa masarakat cilik dianggep gampang nyebarake virus (Arsendy, 2020).

Masarakat cilik saka segi sandhang, pangan, lan papan uga saka segi ekonomine mesthi katon beda banget karo masarakat sugih. Nanging ora mesthine wong sugih bisa tumindak sapenake dhewe. Amarga saben kahanan mesthi

nduweni dhampak dhewe-dhewe, ora namung wong cilik kang nduweni dhampak sajrone panguripan nanging wong sugih uga mesthi nduweni dhampak sajrone panguripan. Salah siji dhampak kang diolehi saka masarakat cilik yaiku dianggep remeh karo wong-wong sugih. Anggepan kasebut bisa tuwuh amarga ndelok kahanane wong cilik kang sarwa kurang. Anggepan remeh sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi yaiku diapusi, dipitenah, lan dadi rerasane tangga.

4.2.1.1 Diapusi

Ngapusi kalebu ing tumindak kang ala amarga bisa ngrugekake wong liya. Ngapusi yaiku prilaku kanggo ora ngomongake kang benere kanthi ancas kanggo nggenahake kanca jagongane. Praktis ngapusi liwat basa iki nyatane kedaden ing samadyaning masarakat (Maria, 2017:88). Ngapusi dilaksanakake kanthi kondhisi sadhar lan disengaja. Tumindak iki bisa dilaksanakake pawongan kanthi ancas kanggo kabecikan awake dhewe.

Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi nggambarake masarakat cilik diapusi karo wong sugih. Cita kasebut nyritakake kluwarga Pak Sarimun ditagih utang karo salah siji *anak buah* ndhukurane kang aran Pak Darmo. Pak Sarimun pancen nduwe utang lan mesthi mlayu ing Pak Darmo nalika butuh dhuwit, nanging Pak Darmo ora nate ngongkon wong liya kanggo nagih ing Pak Sarimun.

“Tekaku mrengs mau apa ngrembug utang?”

“Lha nembé mawon panjenengan utusan si Jamin, kula kapurih nglunasi utang dhateng panjenengan.”

“Jamin...? sapa kuwi aku ora kena.”

“Banjur Pak Sarimun nyritakake kedadean sing lagi mentas wae. Bareng krungu critane sakala Pak Darmo nesu-nesu.

“Aku kuwi lho ora kenal jenenge Jamin kok malah dakkongkon nagih utang kuwi karepe piye? ...”

“... jebul Agus mau mung reka-reka.”

(Setiyadi, 2017:71)

Pethikan ing ndhuwur sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi, nuduhake yen wong cilik bisa dadi apus-apus ing masarakat. Pethikan kasebut pawongan kang aran Jamin minangka pelaku sajrone tumindak apus-apus kasebut. Kanggo nglancaraké aksine pelaku nyamar dikongkon Pak Darmono nagih utang marang Pak Sarimun sing pancen duwe utang ing Pak

Darmono. Nanging sejatine Pak Darmono ora kenal pawongan sing jenenge Jamin. Kajaba iku ana campur tangan kancane sing jenenge Agus, kanggo nglancaraké aksine.

4.2.1.2 Dipitenah

Pitenah yaiku tumindak nyebarake warta kang ora pener karo kasunyataane. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* pitenah yaiku omongan kang ora pener utawa tanpa dhasar kasunyatan kanthi maksud kanggo ngalok pawongan, kayata ngrusuhi jeneng apik utawa ngrugekake pakurmatane wong liya. Pitenah uga bisa kalaksanan kanthi cara crita babagan manungsa kang sakmesthine ora pener olehe nyawang.

Novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitané Tulus Setiyadi nggambarake kulawargane Sarinem ngolehi pitenah saka masarakat kang ana sakupenge omahe. Pitenah kasebut muncul amarga tangga sakupenge omahe nyawang ana bocah lanang kang lagi ndayoh wengi-wengi banjur nalika bocah lanang kasebut wis mlebu omahe, lawange ditutup.

“Ngalih saka kene wae tinimbang ngrusak agama. Menawa ora sakpuncung...”

...

“Apa ngukum wong kuwi sakepenake, isu kuwi sing gawe kowe, pitenah sing gawe kowe kok banjur nyalahke liyan. Saiki wangsulana alasane kowe dhemo lan ngarani iki omah mesum. Ayo ngomong!”

(Setiyadi, 2017:75-76)

Pethikan ing ndhuwur, pitenah saka masarakat sing ana sakupenge omah ora babagan sing anyar maneh. Kayata ing pethikan kasebut, Pak Sarimun dipitenah karo masarakat sing ana ing desane. Pitenah iku ditujokake kanggo anake Sarinem sing nglebokake kanca lanange wengi-wengi ing omahe. Kamangka ing kana, Sarinem ora ana. Mung ana Pak Sarimun lan bojone. Masarakat sing dhemo mau isih bocah-bocah sing ora nduwe tatanan. Sing ora mangerteni penere manungsa. Bocah-bocah kasebut pitenah yen omahe Sarinem minangka omah mesum, omah najis.

Kasunyatané, nalika dayoh lanang kang aran Sadimun kuwi mau dolan Sarinem ora ana omah. Sarinem dina kasebut lagi dolan ing mbakyune. Pancen

kabeh ora ana sing weruh, mula Pak Sarimun menehi piweling marang Sadimun yen aja nganti babagan kasebut dikandhaake karo sapa wae.

4.2.1.3 Dadi Rerasane Tangga

Sajrone urip bebrayan mesthi ora uwal saka omongan-omongan tangga utawa masarakat liyane. Babagan rerasan wis lumrah ing kalangane bebrayan. Diomong wong liya pancen ora nyenengake, nanging ora bisa nolak amarga apa wae sing kita lakoni mesthi narik kawigatene wong liya kanggo menehi pamrayoga.. Nglakoni babagan kang ala di omong, nglakoni babagan kang becik isih pancet diomong.

Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi paraga Sarinem lan kulawargane dadi omongan tanggane. Babagan kasebut amarga Sarinem di tresnani pawongan kang aran Sarkun. Sarkun nganti menehi panganan, sandhangan, dhuwit, uga barang elektronik arupa Hp, nanging Sarinem tetep ora gelem nrima lamarane Sarkun. Saka kuwi Sarkun banjur teka lan crita ing Pak Burhan minangka PNS ing Kabupaten kang wiwit melu namu ing omahe Sarinem kanggo nglamar. Pak Burhan menehi pamawas yen Sarkun dikongkon ndeleki kaluputan utawa pengapesane lan kekurangane Pak Sarimun sakulawarga., kanthi tujuan ngerekadaya. Pak Burhan dhewe nyedhaki pamong desa, ketua RT, pak kyai lan tokoh masarakat kanggo ngewangi ngerekadaya Pak Sarimun sakulawarga.

Rancangan kang digawe Pak Burhan ngolehake asil, Sarinem dadi rerasane wong sapirang-pirang. Amarga ora gelem nrima lamarane Sarkun. Babagan iku bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Oh halah...Nem...Nem... jejere kowe kuwi bocah mendho lan anake wong cilik wae kok nganti bisa dadi rerasanan wong sapirang-pirang pangudarasane Mbok Paijem. Karomaneh ngapa ta pak kyai takon sing ora-ora, apa urusane? Sarinem dhewe isih durung niat omah-omah kok padha kanggo uber-uberan.”
(Setiyadi, 2017:58)

Pethikan ing ndhuwur sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi, saben tata lakune pawongan mesthi ana wae sing ngomongna. Apa maneh tata lakune wong cilik, mesthi kebak rerasane tangga. Kayata ing pethikan kasebut, Sarinem lan kluwargane dadi rerasane tangga sawise Sarkun menyang

omahe Sarinem kanggo nglamar, nanging lamarane Sarkun ora ditrima dening Sarinem. Ora mung dadi rerasane tangga, ana saperangan tanggane uga uber-uber ibu bapake Sarinem kanggo ngomong menyang Sarinem yen dheweke kudu nrima lamarane Sarkun.

4.2.2 Ngalami Tumindak Degsiya

Degsiya minangka salah sawijine sipat kang ala lan ora bisa didadekake tuladha. Tumindak kasebut dumadi ana ning sawenehing papan, kaya ta ing kulawarga, papan makarya, sekolah, lan papan umum. Tumindak kasebut bisa ngrugekake awake dhewe uga liyan. Mula menawa ana pawongan kang wani tumindak degsiya pungkasane bakal antuk walesan kang ala uga. Tumindak ala kasebut bisa dilakoni dening sapa wae, mula kita minangka manungsa kudu ngati-ati menawa arep nglakokake sawijine tumindak. Aja nganti nyidrani wong liya supaya ora dicidrani dening wong liya.

Tumindak degsiya kasebut bisa dirasakake utawa dilakoni dening paraga lanang utawa wadon. Mufidah (sajrone Darni 2021:10) Tumindak ala kasebut kaperang dadi telung macem, ing antarane yaiku fisik, seksual, lan mental. Tumindak degsiya wujud mental minangka tumindak cidra kang katuduhake kanthi ora nggunakake fisik utawa nyidrani nganti tuwuhe catu ing perangan awak. Tuladhane yaiku nggunakake tembung-tembung ala kang bisa nglarani atine liyan, kaya ta nganggo tembung kang ora trep dianggo utawa kasar, nganggo swara banter utawa nyentak, lan sapanungale.

Tumindak degsiya awujud awujud fisik minangka salah sawijine tumindak kang nyata kang bisa dideleng lan dirasakake awak. Tumindak degsiya wujud seksual yaiku tumindak degsiya kang tuwuh amarga prekara seksualitas.

Sajrone novel *Ontran-Ontran Sarinem* anggitane Tulus Setiyadi iki ngandhut tumindak degsiya. Kaya kang dirasakake dening kulawargane Sarinem. Dheweke dicidrani dening dulur lan tanggane kanthi nggunakake tembung ala. Tumindak kasebut bisa diarani degsiya awujud mental. Masiya dicidrani kaya ngapa dheweke tetep sabar. Tumindak degsiya mental kasebut kayata disikang-sikang, dikuya-kuya, lan diiles-iles.

4.2.2.1 Diiles-Iles

Diiles-iles nduweni teges ditindhes. Sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kulawargane Sarinem ngalami tumindak degsiya kang nomer siji yaiku diiles-iles. Sarinem lan kulawargane diiles-iles dening Pak Darma lan kanca-kancane. Tujuwane Pak Darma iles-iles Sarinem lan kulawargane yaiku kanggo nrima lamarane Sarkun. Nanging Pak Sarimun ora bisa meksa Sarinem, amarga babagan kasebut Sarinem kang bakal nemtokake dhewe. Kanthi wangsulun kang kaya ngunu, Pak Darma lan kanca-kancane isih durung lega, Pak Sarimun isih didhesek terus karo pitakonan-pitakonan kang ndadekake swasana ora bisa tentrem. Sakwise swasana ora bisa tentrem, salah siji kancane Pak Darma kang aran Pak Jarot menehi pamrayoga supaya rembugan kuwi diterusake ing liya wektu. Kabeh padha sarujuk, banjur kabeh tamu salaman pamit mulih.

Tamu wis padha mulih, Pak Sarimun mung bisa lungguh karo thenger-thenger ana kursi. Dheweke isih bingung kang diucapake mau luput apa ora. Amarga ngrumangsani dadi wong cilik, akeh njagakna panguripan saka wong liya. Mula cilik atine nalika wong pangkat-pangkat padha teka lan padha ngrubut Pak Sarimun kabeh. Uga isih duwe pikiran wong kasebut isih kudu dikormati amarga nduweni kedhudhukan kabeh.

“Hussstt.. ora pareng. Kuwi wong nduwe kedhudhukan kabeh. Tansah dikormati sapa wae, aja angger njeplak menawa ngomong”

“Ora perduli! Wong cilik kaya awake dhewe iki Mbok, wis uripe sengsara kokmalah arep diiles-iles. Menawa wani kon maju siji-siji, yoben ngetokna dhadhane.:

(Setiyadi, 2017:50)

Pethikan ing ndhuwur, wong cilik ora adoh saka iles-ilese tangga utawa wong gedhe. Kayata ing pethikan kasebut, Sarinem lan kluwargane diparani karo para priyayi-priyayi. Priyayi-priyayi kasebut ndhesek Sarinem lan kluwargane kanggo nrima lamarane Sarkun. Kanthi omongan sing marai Pak Sarimun polatane dadi abang ireng, dhadhane mengkap-mengkap, lan mripate mencereng. Nanging Pak Sarimun isih bisa ngempet emosine lan sadhar yen dheweke minangka wong cilik isih njagakna panguripan saka wong liya.

Ora mung Pak Sarimun sing emosine kepancing, nanging Sarinem dhewe uga ngrasa geget-geget nalika weruh tamune ndhesek pitakonan kang kaya mengkunu. Dheweke pancen mung lulusan SMP, nanging ora kabeh kang lulusan SMP kudu ngalah karo para priyayi kang nduweni pangkat dhuwur-dhuwur. Kudune para priyayi kang pangkate dhukur menehi patuladhan kang becik, ora malah ngewangi babagan tresnane wong liya kang ora dadi tugase lan reka-reka kang ora bener.

4.2.2.2 Dikuya-kuya

Dikuya-kuya nduweni teges padha karo dioyak-oyak kanthi tujuwan dikongkon lunga. Sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kulawargane Sarinem ngalami tumindak degsiya kang nomer loro yaiku dikuya-kuya. Dikuya-kuyane kulawargane Sarinem uga ora adoh saka babagan ora geleme Sarinem nrimane lamarane Sarkun. Kang baku nduweni tujuwan kanggo nyingkirake utawa nggawe kulawargane Sarinem ora betah ana ing desa kasebut. Nanging kulawargane Sarinem isih sabar lan sadhar, pancen minangka wong cilik wis takdire asring dikuya-kuya lan sapiturute.

“Rasane pancen abot dadi wong cilik saben-saben dikuya-kuya. Kapan bisa urip mulya.”

“Awit saka iku Kang, ayo padha mikir supaya awake dhewe ora dadi wong sudra. Ngupaya sing tenanan supaya mentas saka kahanan. Awit jare pak kyai, Gusti kuwi ora bakal ngrubah nasibe manungsa menawa manungsa kuwi ora gelem ngupaya.”
(Setiyadi, 2017:54)

Pethikan ing ndhuwur, bisa dideleng yen wong cilik dadi kembang lambene wong utawa masarakat kanggo dikuya-kuya sing ndadekake wong cilik ora bisa urip mulya. Sejatine masiya wong cilik sithik ekonomi lan pendhidhikane, pawongan kasebut bakal urip mulya nalika ing panguripane ora dioyak-oyak. Omongane wong liya kang asring oyak-oyak ora namung ndadekake uripe ora mulya, nanging uga bisa nyerang babagan mental kang diduweni. Nalika babagan mental terus kaoyak, bisa ndadekake pawongan kasebut ora waras (setres). Sajrone pethikan kasebut nyritakake yen Sarinem lan kulawargane dadi bahan kuya-kuyane tanggane kang nduweni kedhudhukan luwih dukur. Sarinem lan kulawargane dikuya-kuya kanggo nrima tresnane Sarkun. Kamangka Sarinem

isih durung pingin kanggo mangku bale wisma. Nanging Sarinem ngrumangsani wong ora duwe, Sarinem ora bisa apa-apa.

Bakune Sarinem pancen wis nduwe pacar kang aran Sadimun. Nanging nalika Sadimun pingin nglamar Sarinem, wong tuwane Sarinem ora sarujuk amarga Sadimun uga mung lulusan SMP lan durung nduweni pakaryan. Ora sarujuke wong tuwane Sarinem amarga panguripan sabanjure mesthi luwih abot lan rekasa, ora mung mikiri babagan enake wae uga kudu mikire babagan liyane. Nanging Sarinem dhewe uga ora sarujuk nalika dijak omah-omah karo Sadimun, amarga Sarinem uga isih pingin gawe seneng lan ngangkat drajat wong tuwane. Mula, Sarinem ngejak Sadimun kanggo mikir lan ngupaya kanggo mentas saka kahanan minangka wong cilik.

4.2.2.3 Disikang-Sikang

Disikang-sikang nduweni teges padha karo disiya-siya utawa disingkirake. Sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kulawargane Sarinem dadi bahan siya-siyane dulure dhewe kang aran Lik Kawito. Dulure kasebut ndayoh ing omahe Pak Sarimun kanggo njalok bageyan tanah kang dadi omahe Pak Sarimun saiki. Kamangka Bapake tau meling menawa Lik Kawito ora oleh ngongkrah-ngongkrah lemah lan omahe Pak Sarimun, amarga Lik Kawito wis diragadi sakabehane karo Pak Sarimun.

Bakune Lik Kawito njalok warisan tanah sithik kang wis dadi bageyane Pak Sarimun merga ana wong sing mbujuki Lik Kawito lan mekso kanggo njaluk warisan marang Pak Sarimun. Tujuwane kanggo nggawe Pak Sarimun lunga saka desa kasebut. Babagan iku bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Pak Sarimun lungguh lincak ngarep omah karo mikir kedadean-kedadean sing mentas ditemoni. Godhane urip sajak gedhe, ana-ana wae perkarane. Umpama cupet atine, mbokmenawa dheweke wis nglanguwuh ninggalake ndonya iki. Pancen wis takdire, urip dadi wong cilik banjur kerep disikang-sikang karo sing luwih gedhe.”

(Setiyadi, 2017:66)

Pethikan ing ndhuwur, wong disikang-sikang iku mesthi ana. Salah sawijining yaiku wong cilik sing ekonomi lan pendhidhikane sithik. Kayata ing pethikan kasebut, Pak Sarimun disikang-sikang karo adhike sing jenenge Kawito. Kawito njalok warisan sing saiki dadi omahe Pak Sarimun. Pak Sarimun uga

sadhar dene Kawito njalok warisan sing dadi omahe saiki bakal diwenehna amarga Kawito uga isih nduwe bagian, banjur Pak Sarimun bakal budhal melu anake ing kutha. Nanging suwe-suwe Kawito sadhar yen dheweke luput. Kawito kaya mengkono amarga dibujuki, dikongkon lan dipeksa wong liya kanggo njalok warisan kasebut. Pungkasane Kawito njalok sepura ing Pak Sarimun lan janji ora bakal nguthek-nguthek warisane bapake.

Pak Sarimun ora mung disikang-sikang karo adhike wae, nanging uga wong liyane. Disikang-sikange Pak Sarimun arupa omongane sing ora tau digatekna lan tumindak sing ora tau diregani. Wong liya sing ngongkon Kawito kanggo njalok warisan ing Pak Sarimun nduweni niyatan ben kulwargane Pak Sarimun luwih sengsara. Babagan kasebut ora adoh saka perkara lamarane Sarkun sing ora ditrima Sarinem.

4.3 Upaya Kanggo Ngrampungsi Kacingkrangan sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi.

Babagan katelu kang bakal dijlentrehake ana ing kene yaiku ngenani upaya kanggo ngrampungsi kacingkrangan. Sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi upaya kanggo ngrampungsi kacingkrangan yaiku kanthi cara nindakake *urbanisasi* saka desa. Urbanisasi yaiku kagiyatan pindhah pendhudhuk saka desa menyang kutha sing ndadekake kahanan kutha saya kebak (Haris 2015:62). Jalaran saka kurange pakaryan kang bisa nyukupi kabutuhan sing ana ing desa, ndadekake saperangan wong saka desa budhal menyang kutha kanggo ngapiki kahanan uripe kanthi cara nyambut gawe. Dhuwure bandha kanggo nyukupi kabutuhan, diwangsul dening kahanan kang ana ing kutha. Kahanan ing kutha yaiku akeh panggonan kanggo nyambut gawe sing kasil luwih nyukupi tinimbang ana ing desa sing ora mesthi kayata njagakake asil saka sawah utawa kebon. Nyambut gawe ana ing kutha uga gumantung saka kabisan utawa SDM (Sumber Daya Manusia) uga saka pendhidhikan. Saya dhuwur kabisan uga pendhidhikan, saya dhuwur lan gedhe kasile saka pakaryan kasebut. Kaya dene kang ditindakake Sarinem, budhal saka desa menyang kutha Pekalongan lan kutha Jogja kanggo makarya. Luwih cethane dijlentrehake ing ngisor iki.

4.3.1 Upaya Apik (Makarya Kanthi Bener)

Makarya yaiku sawijine kegiatan utawa aktivitas sing ditindakake dening manungsa kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Dene makarya kanthi bener yaiku makarya sing ora uwal saka tata laku lan tata susila. Kanthi nindakake pakaryan wong bisa pikantuk dhuwit lan bisa digunakake kanggo nyukupi kabutuhan uripe saben dina. Sejatine pakaryan apa wae iku apik lan luhur yen ditindakake kanthi temen, bisa kanggo awake dhewe, sapadha, utama Tuhan (Tirto sajrone Veronika, 2022:4). Wujude pakaryan maneka werna, ora ana watesane. Saben manungsa bisa milih apa wae pakaryan kang ditindakake. Pakaryan kang ditindakake dening saben wong bisa uga beda-beda, manut karo kaprigelane. Nanging pakaryan kang ditindakake dening wong cilik kerep ora bisa ngasilake dhuwit kang cukup kanggo nyukupi kabutuhan saben dina, ateges senajan makarya mlakune dhuwit isih seret.

Pakaryan kang ditindakake wong-wong kang nandang kacingkrangan kerep mbutuhake wayah lan tenaga sing ora sathithik, nanging tetep wae asile ora bisa nyukupi sasembarangane. Wong sing nandang kacingkrangan makarya wiwit saka nyambut gawe sakanane, utawa nerusake pakaryan kang ditindakake dening para sepuhe. Wong-wong cilik kang senajan lagi nandang kacingkrangan isih tetep makarya kanggo kulawargane. Ana uga wong-wong kang senajan lagi nandang kacingkrangan, nanging isih wae ora rumangsa lan nganggur wae saben dinane. Pungkasane apa-apa seret lan namung nindakake pakaryan kang ora guna utawa malah nleweng nindakake baba kriminal. Pakaryan kang ditindakake paraga sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kanggo ngrampung kacingkrangan yaiku nunggu toko buthik lan dadi pelayan kafe.

4.3.1.1 Nunggu Toko Buthik

Kutha Pekalongan pancen umum panggone kain bathik. Sarinem budhal menyang Pekalongan pancen niyate dolan menyang mbakyune, nanging Sarinem malah sajak krasan lan wegah gawe balik ing desa. Saka babagan kasebut, banjur mbakyune kang aran Samiyem ngupaya supaya adhine kuwi cepet entuk penggaweyan. Penggaweyan apa wae amarga Sarinem mung lulusan SMP. Kepeneran Samiyem nduwe tepungan kanca ing pasar kang aran Mbak Indri sing lagi wae mbukak toko pakeyan lan butuh karyawan.

“Sarinem ditampa kerja lan nunggu toko buthik sing ana ing njero kutha. Saiba bungahe nalika diwenahi seragam apik lan papane nyambut gawe katon resik lan tumata. Umpama gelema lunjak-lunjak kanggo mujudake rasa bungahe.”
(Setiyadi,2017:79)

Pethikan ing nduwur, njlentrehake Sarinem wis ditampa kerja. Sarinem dipanggonake ing toko buthik sing ana ing njero kutha. Sarinem ngrasa bungah banget nalika dheweke diwenahi seragam apik lan papan kanggo nyambut gawene katon resik lan tumata.

Telung sasi ora krasa Sarinem wis kerja melu Mbak Indri. Dhasare Sarinem minangka bocah sregep lan temen, Sarinem bisa gawe seneng juragane. Saya suwe Mbak Indri menehi kawigaten supaya Sarinem gelem dadi asistene Mbak Indri. Sarinem ingkana ngrasa kaya ketiban rembulan. Saiba gedhene kanugrahan Gusti sing diparengake. Sarinem mung bisa ucap sokur lan ngaturake panuwun. Sarinem minangka bocah lugu saiki mundhak ayu awit njumbuhake karo penggaweyane. Tokone Mbak Indri dadi rame, awit kejaba bathike apik-apik uga padha penasaran karo ayune Sarinem.

Siji setengah taun Sarinem wis ninggalake ndesane, Sarinem kadhang kelingan marang bapak simboke sing urip rekasa ana omah. Nadyan saben sasi dheweke ora sithik anggone kirim dhuwit kanggo mbiyantu wong tuwane. Ora suwe ana Sarinem ketemu priya bagus ing panggon kerjane, priya bagus kasebut kang aran Okta. Mahasiswa kedhokteran sing lagi bali kampung. Bocah loro kasebut banjur urup-urupan nomer Hp. Wiwit sapatemon kuwi, lumantar HP Sarinem lan Okta terus sesambungan. Saya suwe sesambungan tambah akrab, Okta nduweni panemu kanggo nyeluk Sarinem dadi Arin lan bocah loro kasebut miwiti crita asmarane. Bisa diarani Sarinem nemu begja dhasare bocah ndesa lulusan SMP nduwe pacar calon dhokter lan sugih pisan.

Wis rongtaun lumaku Arin kerja nggone Mbak Indri. Selawase iki kerjane apik, sregep lan jujur. Arin kerep diwenahi bonus, lan kala-kala diajak metu dolan karo Mbak Indri. Nanging sakwise kenal Okta, Arin saiki dudu Sarinem sing biyen. Saiki Arin arang mlebu kanthi alasan kang werna-werna. Malah nalika telat mlebu kerja, Mbak Indri weruh Arin lakune semu sempoyongan, mripate abang lan saka tutuke mambu gandane omben-omben.

Nalika srengenge menthor-menthor, ana sedhan abang mandeg ing ngarepe toko. Bocah wadon loro ayu-ayu padha metu saka mobil sedhan kasebut. Bocah loro kasebut jenenge Silvi lan Rena lan dheweke mara ing toko tujuwane nggoleki Arin. Pungkasane sing aran Silvi ngomong yen dheweke pacare Okta, ora trima yen Arin arep ngrebut Okta saka Silvi. Awan iku dadi rame ing toko buthike Mbak Indri, Arin lan bocah wadon loro kuwi padha gelut nganti tatanan klambi lan rak-rak padha mawut. Krungu swara rame-rame mbak Indri metu saka ruwangan mburi. Saiba kagete bareng werung dagangane amburadhul ora karuwan. Mbak Indri nyoba ngendheg anggane padha gelut, nanging sajak ora digawe. Ora srantan banjur Mbak Indri telpon Polisi.

Ora let suwe pihak pengamanan teka misah sing padha bengkrehan. Wong telu dicekel lan digawa ing kantor polisi, kalebu Mbak Indri minangka saksi. Perasaane juragane Arin kuwi dadi ora karuwan awit barang-barange rusak kabeh ditambah ngalor-ngidul urusan karo polisi. Judheg pikire, banjur Arin kepeksa dikongkon metu saka penggaweyane.

4.3.1.2 Dadi Pelayan Kafe

Pelayan kafe yaiku wong kang makarya ing kafe kanggo ngelayani wong kang teka. Biyasane pelayan kafe bisa disebut *waiterss* yaiku makarya ing bidhang *penyajian*, ing babagan kasebut kang disuguhake yaiku panganan lan ombenan. Sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitane Tulus Setiyadi nyritakake Arin utawa Sarinem kerja minangka pelayan kafe. Arin kerja dadi pelayan kafe sakwise dikongkon metu saka toko buthik amarga gelut karo bocah wadon loro. Arin uga mari dikunjara sesasi amarga babagan kasebut.

“Kerja apa Mas?” Arin penasaran.”

“Pelayan caffè,” Rudy sajak sungkan.

“Ora apa-apa Mas, sing penting aku entuk dhuwit. Karomaneh menawa nganggur terus ngreputna liyan. Bapak simbokku sing ana omah mesthi nunggu jatah saka aku. Matur nuwun banget Mas, umpama kowe gelem nulung aku.”

“Yawis ngene wae, sesuk Senin awan ketemuan banjur dakajak nemoni kancaku sing nduwe caffè kuwi.”

...

“Apa sing dikandhaake Rudy pancen kabukten. Arin ditampa kerja ing salah sawijine caffè. Pancen pendhidhikane mung

SMP, nanging dedeg piadege, pakulitane, lan rupane memper bintang sinetron. ...”
(Setiyadi,2017:95)

Pethikan ing ndhuwur, njlentrehake yen Arin gelem kerja apa wae salah sijine yaiku dadi pelayan kafe. Arin gelem kerja apa wae sing wigati oleh dhuwit amarga kudu ngirim jatah dhuwit kanggo simboke ing desa. Arin kerja dadi pelayan kafe digolekake Rudy minangka langganan ing buthik panggane kerja sadurunge. Rudy nduweni kanca kang aran Mas Andre minangka pengusaha gedhe. Mas Andre ora mung nduweni cafe nanging uga nduweni toko liyane.

Nalika Arin nemoni Mas Andre, Arin ditampa kerja ing salah sawijine kafe. Arin pancen pendhidhikane mung tekan SMP, nanging polatane, dedeg piadege, pakulitan lan rupane kaya bintang sinetron. Nalika Arin wis kerja, sing nduwe kafe rumangsa seneng, amarga wiwit Arin kerja saya suwe pelanggan tambah rame. Mula saka iku senadyan karyawan anyar bayarane bisa nututi kancane.

Kabeh pancen padha ngrasani Arin, amarga saka bocahe ayu, kenes lan grapyak. Saben priya sing teka mesthi kesengsem menawa nyawang Arin. Ora ana bedane karo Mas Andre sing nduwe kafe. Meneng-meneng saben wengi Mas Andre nguwaske solah tingkahe Arin. Jenenge wong lanang senadyan wis duwe bojo, nanging rasane ngalahake nalar. Rasane ora bisa dibendhung nalika weruh bocah ayu mingis-mingis kang isih lugu.

Lumakune wektu Mas Andre saya cedhak karo Arin. Nanging Arin ora nduwe pangira kang ora-ora marang juragane. Mas Andre uga menehi barang-barang marang Arin kayata clana jeans. Saya suwe Mas Andre nguntabke rasane marang Arin yen dheweke ana rasa ing Arin nganti menehi kothak abang cilik kang isine ali-ali. Arin semu bingung, amarga Mas Andre uga wis nduweni bojo. Nanging Mas Andre terus menehi piweling marang Arin kang ndadekake Arin mung bisa manut lan ngetoake dhawuh.

Wektu kang lumaku, kaluwargane Mas Andre krungu lan bojone Mas Andre wiwit ngerti sesambungane Mas Andre karo karyawane. Bojone Mas Andre sajak ora trima banjur Arin dilabrak. Geger rame ing njero kafe nganti pelanggan padha bali mulih. Amarga kuwi kafene ditutup sawetara wektu lan

Arin dikongkon minggat. Saiki Arin uripe keranta-ranta, gelem ora gelem Arin kudu bali ing ndesane.

4.3.2 Upaya Ala (Makarya Ora Bener)

Makarya ora bener yaiku mkaarya kang uwal saka tata laku lan tata susila. Pangrembakane jaman ngowahi tatalaku lan standar panguripan manungsa. Owah-owahane jaman ditandhai kanthi anane ngrembakane teknologi, *urbanisasi*, lan *industrialisasi*. Kemrucutan sajrone nyelarasake karo pangrembakane jaman bisa nuwuhake perkara utawa konflik, bisa *internal* utawa *eksternal*, sahingga nyebabake anane tumindak kang nyimpang saka norma kanggo nengenake kepentingan awakdhewe.

KGR Hemas (sajrone Darni 2021:31) ngandharake yen wong wadon ing Indonesia aja mung mangku tangan, leren meneng ing omah, nanging uga kudu nduweni ketrampilan ben bisa makarya kanggo ngolehake dhuwit. Ewohe ndolek pakaryan ing Indonesia, dadi salah sawijine perkara sosial kanggo masarakat tengah mengisor. Akibate ndadekake perkara sosial sajrone panguripan ing masarakat amarga ewohe nyukupi kabutuhan urip. Ing jaman saiki wong lanang wis ora kabeh dadi *tulang punggung* kulawarga, nganthi saiki akeh diweruhi wong wadon sing dadi *tulang punggung* panguripan kulawargane. Kondhisi kasebut kanggo masarakat tengah mengisor dadi perkara sosial kang anyar. Ora sithik, wong wadon kang diadhepake marang kondhisi kaya ngene milih dalan pintas kanthi ngedol awak utawa dadi objek seks.

Sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi paraga kang aran Sarinem milih dalan pintas kanggo uwal saka perkarane. Sarinem kepeksa dadi wanita pelanyahan kanggo bisa metu saka losmen kang dipanggoni nalika ing kutha.

4.3.2.1 Wanita Pelanyahan

Sakwise makarya dadi penjaga toko buthik lan pelayan kafe kang ora ngasilake, upaya kang dilakoni yaiku dadi objek seks utawa wanita pelanyahan. Dadi wanita pelanyahan salah sawijine akibat masarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang dadi wanita pelanyahan amarga urip kacingkrangan. Sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi upaya kang dilakoni kanggo

ngrampungu kacingkrangan kang nomer telu yaiku dadi wanita pelanyahan. Sarinem kepeksa dadi wanita pelanyahan amarga kepepet ora nduwe dhuwik kanggo mbayar losmen nalika dheweke ana ing kutha. Babagan iku bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Sarinem ora mangsuli malah age-age ngunci kamare. Alon-alon nyedhak Alex. Ora sungkan-sungkan maneh tangane Sarinem ngelus-elusdhadhane priya bagus kuwi. Sarinem ngerti menawa satpam kuwi lagi butuh. Nalika padha rembugan wingenane, Alex crita menawa ditinggal bojone kerja ing luar negeri. Arep golek kanca turu ora wani, awit bayare ora cukup. Durung mengko menawa kedonangan kaluwargane malah bisa dadi sulaya. Kalonggaran iki digunakna Sarinem kanggo ngudhari reruwete. Alex mung meneng wae, dhasare wong lanang sing wis ora nate kumpul karo bocah wadon. Saya suwe Sarinem ngamplok lan njorogna Alex ana kasur.”

...
“Mas jujur anggonku gelem nglakoni kaya ngene iki, awit aku wis ora nduwe dhuwit kanggo mbayar losmen. Dakjaluk pambiyantumu ngenthengake ruwetku iki.”

(Setiyadi,2017:138)

Pethikan ing nduwur, njlentrehake Sarinem nalika ing kutha. Penggaweyan ing kutha wis akeh sing dicobak, nanging kabeh ora ana sing nganthi suwe. Banjur Sarinem bali ing desa maneh. Nalika ing desa Sarinem nglakoni keluputan karo Sarkun bocah dudha sing tau tresna ing dheweke biyen, amarga prekara kasebut Sarinem isin, gela lan rumangsa dosa, mula dheweke budhal maneh menyang kutha Jogja.

Nalika ing kutha dheweke arepe dolek penggaweyan maneh, saiba Sarinem ora oleh penggaweyan nanging dheweke malah nindakake prekara kang ora pener. Sarinem ing Jogja ora ngerti kudu neng endi, pungkasane kesel anggone ngumeti Malioboro dheweke golek penginapan. Nalika wanci maghrib Sarinem gragapan tangi. Sarinem kelingan menawa dheweke turu ing kamar losmen. Sawise adus lan dandan, sarinem sajake rumangsa bingung arep ngapa, dumadakan polatane bingar nalika weruh tulisan sing ana ing HP-ne kang aran Okta, Okta priya bagus saka Pekalongan sing kuliyahe ana ing Jogja sing tau kenal nalika Sarinem kerja ing toko buthik Pekalongan. Saiba senenge nalika Okta nanggepi lan arep nemoni Sarinem. Sarinem diajak metu mubeng-mubeng kutha Jogja. Sarinem sajak ngomong yen dheweke bingung amarga durung kerja maneh.

Krungu omonge Sarinem sing kaya mengkono, Okta nguwangsulni kanthi gampang yen dheweke nduweni kanca akeh sing nduwe caffè lan butik. Okta nawani Sarinem menawa gelem sesuk dheweke diajak nemoni kancane.

Wengi kuwi Sarinem nguntabke rasa sedhihe marang Okta, Okta mung ngrungokake crita kuwi. Nganti ora sadhar marang lakune wengi kang lumaku terus, banjur Okta ngajak bali menyang losmen. Tekan losmen Okta ora banjur bali, nanging isih kepingin ngomong karo Arin utawa Sarinem. Saya suwe anggone omong-omongan bocah loro sajak wis kepanjing dayane asmara, nganti lali marang tata susilo, kabeh klelep marang samudrane rasa kepingin mbabarake nepsune. Limang ndina Sarinem nginep ana ing Losmen lan saben wengi ora uwal saka anggone ngumbar nepsune karo Okta. Nanging nalika awan kasebut Okta kirim sms sing gawe kaget lan sedhihe Sarinem, sing isine yaiku Okta wis sadhar lan ora bakal nerusake tumindake maneh. Okta kepingin mantheng anggone kuliyah lan dheweke bakal budhal lunga ing Bandung nerusake penelitiane. Sarinem mung bisa kuciwa lan kudu nampa marang apa kang wis dilakoni. Weruh babagan kang kaya mengkono, Sarinem banjur ringkes-ringkes klambine arep metu saka Losmen. Nanging nalika weruh dhuwite ora cukup kanggo mbayar losmen lan dhuwit ing ATM uga wis ora ana, Sarinem bingung pikire kepriye carane metu saka kamar losmen kasebut. Ora suwe Sarinem nduweni cara kanggo marani Satpan Losmen kang aran Alex sing wis nate omong-omongan sadurunge kanggo njalok tulung mbenakake kopere. Nalika Alex ngetutake Sarinem tumuju kamare, Alex semu bingung nalika ing kamare ora weruh sing ana ing njero kamar.

Sarinem ora mangsulni nalika Alex takon kopere, malah Sarinem age-age ngunci kamare. Alon-alon nyedhak Alex. Ora sungkan-sungkan maneh tangane Sarinem ngelus-elus dhadhane priya bagus kuwi. Sarinem ngerti menawa satpam kuwi lagi butuh. Nalika padha rembugan wingenane, Alex crita menawa ditinggal bojone kerja ing luar negeri. Arep golek kanca turu ora wani, awit bayare ora cukup. Durung mengko menawa kedonangan kaluwargane malah bisa dadi sulaya. Kalonggaran kasebut digunakake Sarinem kanggo ngudhari reruwete. Alex mung meneng wae, dhasare wong lanang sing wis ora nate kumpul karo bocah wadon. Saya suwe Sarinem ngamplok lan njorogna Alex ana kasur. Anggone Sarinem

gelem nglakoni kaya mengkono, amarga Sarinem wis ora nduwe dhuwit kanggo mbayar losmen. Sarinem banjur njaluk pambiyantune Alex kanggo ngudhari ruwete.

4.4 Sambung Rakete Kacingkrangan Ing Novel Ontran-Ontran Sarinem

Anggitane Tulus Setiyadi Karo Panguripan

Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi minangka salah sawijining novel kang akeh nyritakake ngenani panguripan sosial kanthi anane perkara. Sambung rakete kacingkrangan ing novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

4.4.1 Gegambaran Kacingkrangan Sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem

Anggitane Tulus Setiyadi Karo Panguripan

Gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus setiyadi ana 3 yaiku kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pangan, kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pengasilan, lan kacingkrangan kang digambarake kanthi sithike pendhidhikan.

4.4.1.1 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pangan

Perangan gegambaran kacingkrangan sepisan bakal dijlentrehake ngenani winatese pangan. Perkara kasebut banjur digayutake karo panguripan. Salah sawijining indikator kacingkrangan kang paling asring digunakake yaiku kajangkepan kabutuhan pangan. Pawongan bisa diarani urip kacingkrangan nalika angel kanggo nyukupi kabutuhan pangane. Winatese pangan ing kene ora mung diduweni paraga sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi wae. Winatese pangan uga dadi salah sawijining gegambaran masarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang urip kanthi winatese pangan amarga nyandhang kacingkrangan. Amarga nyandhang kacingkrangan, ora bisa nyukupi kabutuhan pangane sabendina kanthi becik. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Meninggal dunia, Senin (20/4/2020) usai dikabarkan kelaparan dan tak makan selama dua hari. Sebelum meninggal, Yuli sempat mengutarakan isi hati mengenai kondisi ekonominya. Bahkan untuk mengganjal perut yang lapar, ia dan keluarganya terpaksa meminum air berukuran galon selama dua hari. Kondisi kesulitan keluarganya tak lepas dari situasi pandemi corona. Suaminya yang seorang pemulung tak bisa bekerja. Usai kisahnya

menyebarkan, Yuli dikabarkan telah mendapatkan bantuan. Namun, ia kemudian meninggal dunia pada Senin (20/4/2020). Meski belum dipastikan penyebab Yuli meninggal, tetapi potret kemiskinan keluarganya tak bisa dipungkiri” (Kompas.com, 22 April 2022)

Jawane:

“Mati, Senin (20/4/2020) sawise dikabarake keluwen lan ora mangan suwene rong dina.

Sakdurunge mati, Yuli isih ngomongake isi atine ngenani kondhisi ekonomine. Nganthi kanggo ngganjel weteng kang luwe, dheweke lan kulawargane kepeksa ngombe banyu sakukuran galon saksuwene rong dina. Kondhisi reribed kulawargane ora uwal saka kondhisi pandemi korona. Bojone minangka pemulung ora bisa makarya. Sakwise critane nyebar, Yuli dikabarake wis ngolehi bantuwan. Nanging, dheweke banjur dikabarake mati Senin (20/4/2022).

Masiya durung dipastekake panyebab Yuli mati, nanging gegambaran kacingkrangan kulawargane ora bisa dimungkiri” (Kompas.com, 22 April 2022)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen ing negara Indonesia isih ana masarakat sing ora bisa nyukupi kabutuhan pangan kulawargane. Kedadean kasebut dialami dening kulawargane Yuli. Yuli lan kluwargane ora bisa njangkepi kabutuhan pangane amarga ekonomine kang winates. Bojone Yuli mung dadi pemulung, nanging nalika korona dheweke ora bisa makarya maneh. Amarga ekonomine kang winates, Yuli lan kluwargane ora bisa nyukupi kabutuhan pangane. Kanggo ngganjel rasa luwene Yuli lan kluwargane mung bisa ngombe banyu sakukuran galon. Sakwise critane nyebar dheweke oleh bantuwan, nanging ora suwe Yuli dikabarake mati. Matine Yuli isih durung dimangerti apa panyebabe, nanging gegambaran kacingkrangan sing ana ing kluwargane ora bisa dipungkiri.

4.4.1.2 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pengasilan

Perangan gegambaran kacingkrangan kapindo bakal dijlentrehake ngenani winatese pengasilan. Winatese pengasilan yaiku kahanan manungsa sing ngalami pemasukan dhuwit, nanging sing dientukake saka penggaweyan kang dilakokake ngalami kamingsran. Saka masarakat kang ngalami kacingkrangan biyasane *identik* karo mingsrane pengasilan utawa pengasilan kang winates. Perkara

kasebut banjur digayutake karo panguripan. Winatese pengasilan ing kene ora mung diduweni dening paraga sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi. Winatese pengasilan uga dadi salah sawijining gegambaran masarakat kang ndadekake urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masarakat Indonesia kang urip kacingkrangan kanthi winatese pengasilan.

“Bagi sebagian orang, uang sebesar Rp 340.000 hanya cukup untuk makan sepekan, bahkan sehari. Namun, oleh ratusan ribu orang di Kabupaten Brebes, Jawa Tengah, uang Rp 340.000 tersebut diatur sedemikian rupa untuk memenuhi kebutuhan pangan keluarga, membayar tagihan listrik, serta untuk membiayai sekolah anak-anak mereka.

Wamad (45), warga Desa Cipelem, Kecamatan Bulakamba, Kabupaten Brebes, duduk termenung di atas satu-satunya kursi yang ada di rumahnya. Ia sedang memikirkan tabungannya yang sudah tipis. Sudah sepekan terakhir, ia tidak mendapat pemasukan karena belum ada lagi yang membutuhkan jasanya sebagai buruh bangunan ataupun buruh tani. Padahal, sejumlah kebutuhan sudah mengantre untuk dipenuhi.” (Kompas, 11 Oktober 2021)

Jawane:

“Kanggo saperangan uwong, dhuwit gedhene Rp 340.000 mung cukup kanggo mangan seminggu, malah bisa sedina. Nanging, kanggo atusan ewu uwong ing Kabupaten Brebes, Jawa Tengah, dhuwit Rp 340.000 kasebut diatur sabisa bisane kanggo nyukupi kabutuhan pangan kulawarga, mbayar listrik, serta kanggo mbayar kabutuhan sekolah anak-anake.

Wawad, (45), warga Desa Cipelem, Kecamatan Bulakamba, Kabupaten Brebes, lungguh nglamun ing siji-sijine kursi sing ana ing omahe. Dheweke lagi mikirake dhuwit tabungane sing wis saya entek. Wis seminggu, dheweke ora ngasilake amarga durung ana kang mbutuhake jasane minangka buruh bangunan utawa buruh tani. Kamangka, kabutuhan wis jejer kanggo dijangkepi.” (Kompas, 11 Oktober 2021)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen ing negara Indonesia isih ana masarakat sing ora bisa nyukupi kabutuhane amarga pengasilane kang winates. Babagan kasebut kedadean ing Desa Cipelem, Kecamatan Bulakamba, Kabupaten Brebes, Jawa Tengah. Ing Kabupaten Brebes atusan uwong mung nduweni dhuwit Rp 340.000 sing diolehake nalika makarya dadi buruh bangunan lan buruh tani.

Dhuwit Rp 340.000 uga kudu cukup kanggo nyukupi kabutuhan uripe kayata kabutuhan pangan, mbayar listrik, uga kanggo mbayar sekolah anak-anake.

Salah siji warga Brebes kang aran Wawad 24 taun, dheweke lagi mikirake dhuwit tabungane sing saya entek. Wis kurang luwih seminggu ara ana wong liyang sing nggunakake jasane. Dheweke ora oleh pengasilan amarga ora ana pawongan kang nggunakake jasane minangka buruh bangunan utawa buruh tani. Kamangka kabutuhan kulawargane saben dina kudu dijangkepi.

4.4.1.3 Kacingkrangan Kang Digambarake Kanthi Winatese Pendhidhikan

Perangan gegambaran kacingkrangan katelu bakal dijlentrehake ngenani winatese pendhidhikan. Pendhidhikan yaiku pasinaon lan proses pasinaon supaya peserta dhidik bisa aktif ngembangake potensi dhiri kanggo nduweni kakuwatan spiritual kaagamaan, pengendalian dhiri, kapribaden, kacerdhasan, lan akhlak kang mulya kang diperlokake kanggo awake dhewe, masarakat, bangsa lan negara. Miturut Yunus (Zumrudah, 2020) kanthi nduweni pendhidhikan manungsa bisa ngowahi panguripane kanthi luwih apik, karo pendhidhikan uga manungsa bisa dadi manungsa kang cerdhas lan wicaksana sajrone nyikapi perkara kang dialami. Yen sawalike manungsa ora nduwe pendhidhikan uripe bakal kurang bisa ngembangake potensi dhiri.

Perkara kasebut banjur digayutake karo panguripan. Sithike pendhidhikan ing kene ora mung diduweni dening paraga sajrone novel *Ontran-Ontran* Sarinem anggitané Tulus Setiyadi. Sithike pendhidhikan uga dadi salah sawijining gegambaran masarakat kang ndadekake urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masarakat Indonesia kang urip kacingkrangan kanthi Sithike pendhidhikan. Amarga sithike pendhidhikan, ora bisa makarya kanthi becik.

“Faktor ekonomi masih menjadi alasan utama anak putus sekolah. Dari 141 angka siswa putus sekolah di Kota Surakarta, 90 persen diantaranya lebih memilih untuk bekerja dibandingkan dengan melanjutkan sekolah.

Rata-rata anak memilih untuk bekerja dibandingkan dengan sekolah, karena dorongan ekonomi maupun kemampuan pribadinya. Kasus yang banyak ditemukan oleh Dinas Pendidikan Kota Surakarta yakni, pada awalnya anak bekerja hanya untuk membantu perekonomian orang tua. Tetapi lama kelamaan banyak anak yang terjebak sebagai pekerja permanen. Hingga akhirnya mereka menikmati hasil

pendapatan dan berakibat anak lebih sering bolos sekolah dan kemudian drop out. (Arief Budiman, 25 Januari 2023)

Jawane :

“Paktor ekonomi isih dadi alasan kang utama kanggo bocah medhot sekolah. Saka 141 angka siswa medhot sekolah ing Kota Surakarta, 90 persen ing antarane luwih milih kanggo makarya dibandhingake karo nerusake sekolah.

Rata-rata bocah milih kanggo makarya dinadhingake karo sekolah, amarga dhorongan ekonomi utawa kemampuan pribadhiné. Perkara kang akeh ditemokake dening Dinas Pendhidhikan Kutha Surabaya yaiku, wiwitane bocah makarya mung kanggo ngewangi perekonomian wong tua. Nanging suwe-suwe akeh bocah kang kajebak minangka pakaryan permanen. Sahingga pungkasane dheweke nikmati kasil olehe makarya lan ngakibatake bocah luwih asring mbolos sekolah lan ndadekake metu sekolah. (Arief Budiman, 25 Januari 2023)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake dhata bocah medhot sekolah ing Kutha Surakarta. Bocah medhot sekolah ing Kutha Surakarta kecathet yen angka bocah medhot sekolah saka 141 angka, 90 persen ing antarane luwih milih makarya tinimbang nerusake sekolah. Amarga faktor ekonomi isih utama sing didadekake alasan kanggo bocah medhot sekolah. Bocah-bocah sing milih makarya amarga dhorongan saka ekonomine kang kurang. Dhinas Pendhidhikan Kutha Surabaya uga akeh nemokake akeh perkara salah sawijine yaiku bocah-bocah wiwitane makarya mung kanggo ngewangi perekonomian kulawargane nanging saya suwe akeh bocah kang metu saka sekolahane luwih milih dadi pekerja tetap. Amarga dheweke ngrasa luwih seneng nikmati olehe makarya.

Babagan kasebut wis ora adoh saka paktor kacingkrangan. Paktor kacingkrangan sing njalari bocah-bocah medhot sekolah. Amarga ora bisa nyukupi biyaya sekolahe. Bocah-bocah saka kulwaraga kang kurang ekonomine, mesthi pikirane mung makarya lan bisa ngolehake dhuwit kanggo panguripane. Wis ora mikiri babagan sekolahe maneh.

4.4.2 Upaya Kanggo Ngrampungni Kacingkrangan Sajrone Novel Ontran-Ontran Sarinem Anggitane Tulus Setiyadi Karo Panguripan

Upaya kanggo ngrampungni kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan ana 2 yaiku makarya dadi

pelayan kafe lan dadi objek seks (wanita pelanyahan). Babagan kasebut bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

4.4.2.1 Makarya Dadi Pelayan Kafe

Perangan kapisan kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani pelayan kafe. Perkara kasebut banjur digayutake karo panguripan. Tumindak kasebut ora mung diduweni dening paraga sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi wae. Tumindak kasebut uga dadi salah sawijining babagan amarga masarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake masarakat dadi pelayan kafe amarga urip kcingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Bersama band Rumor, Rija Abbas memang sempat mencicipi popularitas sebagai seorang entertainment. Namun sayangnya, konflik dengan pengacara Farhat Abbas yang bertindak sebagai produser, membuat Rija dan Rumor harus bubar.

Rija Abbas sempat bersolo karier dengan melepas beberapa single seperti "Cinta Sia Sia" dan "Tak Mau Pergi". Namun entah mengapa, proyek solo kariernya tak semulus ketika ia dengan Rumor.

Ketika dihubungi via telepon, Rija Abbas tak menampik kalau dirinya kini bekerja sebagai pelayan di sebuah kafe. Menurutnya, pekerjaan tersebut ia ambil karena harus menafkahi keluarga.” (Suara.com, 26 Juli 2018)

Jawane:

“Bareng band Rumor, Rija Abbas pancen nate ngancik popularitas minangka wong entertainment. Nanging, perkara karo pengacara Farhat Abbas sing ndapuk minangka produser, nggawe Rija lan Rumor kudu bubar.

Rija Abbas sempet nerusake karire dhewean kanthi ngetokake saperangan karya kayata “Cinta Sia Sia” lan “Tak Mau Pergi”. Nanging karya solo karire ora kondhang nalika karo Rumor.

Nalika ditelpon liwat telpon, Rija Abbas ora nampik yen dheweke saiki makarya minangka pelayan ing sawijine kafe. Miturute, pakaryan kasebut dijupuk amarga kudu njangkepi kabutuhan kulawargane.” (Suara.com, 26 Juli 2018)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake sawijining bocah enom kang aran Rija Abbas. Rija Abbas iki minangka bocah enom sing biyene nate populer ing dunya *entertainment* bareng band Rumor. Nanging sakwise ana perkara karo pengacara Farhat Abbas dheweke kudu bubar karo band Rumor. Perkara kasebut ora nggawe

Rija Abbas ilang semangate kanggo nerusake karire dhewean. Rija Abbas nyiptakake karya-karya kayata “*Cinta Sia Sia*” lan “*Tak Mau Pergi*”. Nanging karya sing digawe ora mlaku kanthi lancar kaya dheweke nalika karo band Rumor.

Kanggo njangkepi kabutuhan kulawargane saben dina, Rija Abbas makarya dadi pelayan kafe. Dheweke njupuk pakaryan kasebut siji-sijine mung kanggo mbiyantu kulawargane. Rija Abbas uga ora nampik nalika dheweke ditelpon.

4.4.2.2 Dadi Objek Seks

Perangan kapindo kang bakal dijlentrehake yaiku dadi objek seks utawa wanita pelanyahan. Tumindak kasebut banjur digayutake kari panguripan. Dadi wanita pelanyahan ora mung diduweni dening paraga sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi wae. Wanita pelanyahan uga dadi salah sawijining babagan amarga masarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masarakat dadi wanita pelanyahan amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Unit Reskrim Polsek Tanjung Priok, Jakarta Utara memeriksa 4 pelajar yang terlibat kasus prostitusi di sebuah hotel di kawasan Sunter, Jakarta Utara. Kepada penyidik, keempatnya mengakui memiliki alasan masing-masing hingga memutuskan terlibat prostitusi.

Motif keempatnya menjadi PSK pun beraneka ragam. Mulai dari keterbatasan ekonomi, hingga terjerumus pergaulan orang-orang terdekatnya.

“Secara komprehensif yang saya pelajari, faktornya ada tiga yakni ekonomi, kurangnya pengawasan, dan utamanya adalah pergaulan” Jelas paksi.” (Bintang Pradewo, Kamis, 28 Januari 2021)

Jawane:

“Unit Reskrim Polsek Tanjung Priok, Jakarta Utara mriksa 4 plajar kang kesrimpet kasus prostitusi ing sawijining hotel ing kawasan Sunter, Jakarta Utara. Marang penyidhik, papat plajar kasebut ngaku nduweni alesan dhewe-dhewe sahingga mutusake kesrimpet babagan prostitusi.

Motif papat plajar kasebut dadi PSK uga aneka macem. Wiwit saka winatese ekonomi, nganthi keblowok pergaulan kang ana ing samadyane.

“Secara komperhensif sing tak sinauni, faktore ana telu yaiku ekonomi, kurange pengawasan, lan kang utama yaiku *pergaulan*.” Andharane Paksi. (Bintang Pradewo, Kamis, 28 Januari 2021)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake salah sawijining dhaerah, yaiku Tanjung Priok, Jakarta Utara. Ing dhaerah Tanjung Priok ana papat plajar kang kesrimpet kasus prostitusi. Kasus prostitusi kasebut kedadeyan ing salah sawijining hotel sing ana ing dhaerah Sunter, Jakarta Utara. Papat plajar kasebut nalika di priksa dening penyidhik, nduweni alesan dhewe-dhewe nalika kesrimpet kasus prostitusi. Alesan sing diandharake yaiku amarga faktor ekonomi, kurange pengawasan, lan kang utama yaiku *pergaulan*.

Telung faktor kasebut, kang padha karo sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem yaiku amarga winatese ekonomi. Dadi PSK utawa wanita pelanyahan amarga wis bingung anggone nglakoni pakaryan apa kang ngasilake. Dalan siji-sijine kang ditaruhake yaiku awake dhewe. Babagan kasebut nduweni ancas kanggo ngolehake dhuwit lan bisa nyukupi kabutuhane dhewe utawa kabutuhan wong tuane saben dina.

BAB V

PANUTUP

5.1 Dudutan

Dudutan saka asil panjlentrehan bab kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi kanthi tintingan sosiologi sastra kaperang dadi papat. Bab gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi kang diperang dadi telu, yaiku 1) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pangan, kahanan iki mujudake salah sawijine urip kacingkrangan kang wujud ora bisa nyukupi kabutuhan pangan kanthi becik, kayata *empat sehat lima sempurna*; 2) kacingkrangan kang digambarake kanthi winatese pengasilan, kahanan iki yaiku minangka kahanan urip kacingkrangan amarga pakaryan kang diduweni ora bisa njamin asil kang becik; lan 3) kacingkrangan kang digambarake kanthi sithike pendhidhikan, kahanan iki minangka kahanan urip kacingkrangan amarga winatese pengasilan sing ndadekake ora bisa sekolah. Babagan ora sekolah kasebut sing njalari ora bisa nduweni ketrampilan kang becik kanggo ndolek pakaryan kang luwih apik. Wong sing kacingkrangan ora bisa nyukupi kabeh kabutuhan sajrone urip, beda karo wong sing kacukupan. Kabutuhane urip wiwit saka sandhang, pangan, lan papan minangka kabutuhan dhasar lan kudu kacukupan, nanging tumrape wong sing kacingkrangan bab kuwi isih kabelu bab sing angel dicukupi. Bab sandhang, pangan, lan papan prasaja uga sakanane. Kanggo nyukupi kabutuhan dhasar kasebut uga ana sambung rakete karo ekonomi. Dene ekonomine kurang wis mesthi ewoh kanggo nyukupi kabutuhan dhasar, apa maneh kanggo nyukupi kabutuhan sosial liyane kayata sekolah.

Bab dhampak kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitané Tulus Setiyadi bisa diperang dadi loro, yaiku 1) dianggep remeh, lan 2) ngalami tumindak degsiya. Banjur saka rong faktor kasebut bisa diperang maneh. Dianggep remeh diperang dadi telu yaiku diapusi, dipitenah, lan dadi rerasane tangga. Dene ngalami tumindak degsiya uga diperang dadi telu yaiku disiya-siya, dikuya-kuya, lan diiles-iles. Wong kang nandang kacingkrangan ora adoh saka dhampak-dhampak kaya mengkono. Wis ngalami urip kang cingkrang, isih ana

wae kang pingin iles-iles panguripane. Nanging minangka wong cilik ora bisa apa-apa, amarga rumangsa wong cilik isih butuh panguripan saka liyane.

Upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kaperang dadi loro, yaiku 1) makarya kanthi becik, lan 2) makarya ora becik. Banjur saka rong faktor kasebut bisa diperang maneh. Makarya kanthi becik diperang dadi loro yaiku nunggu toko buthik, pelayan kafe. Dene makarya ora becik yaiku dadi wanita pelanyahan. Novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi kasebut nggambarake telung pakarya kang ditindakake kanggo ngrampung kacingkrangan. Pakaryan sing ditindakake dening paraga kalebu pakaryan sing abot ing babagan rasa, amarga kudu ninggalake lan adoh wong tua kanggo kerja ana ing kutha. Senajan abot nanging isih kudu tetep semangat kanggo kabutuhan saben dina lan ngirim ing desa kanggo wong tua.

Pranyata kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi pancen ana sambung rakete karo panguripan kang kaperang dadi loro, yaiku 1) gegambaran kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan, 2) upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi karo panguripan. Kacingkrangan mujudake kaca benggalane kahanan ing panguripan kang nyata. Apa kang diandharake sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane Tulus Setiyadi isih mujudake saperangan cilik kedadeyan kang ana masyarakat. Saka andharan kasebut bisa didudut yen sejatine karya sastra kasebut tuwuh saka anane kedadeyan-kedadeyan sajrone masyarakat.

5.2 Pamrayoga

Asil saka panliten iki diajab bisa murakabi lan mupangati kangge panliti sabanjure sajrone nliti ngenani sastra lan nggunakane tintingan sosiologi sastra. Wosing panliten iki diajab bisa menehi kawruh ngenani sastra sajrone novel Ontran-Ontran Sarinem anggitane tulus setiyadi sing ngandharake ngenani uripe wong sing kacingkrangan.

Panliten iki isih adoh saka tembung kasampurnan. Isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang jalaran mung ngandharake bab-bab kang winates. Panliten iki diajab menehi sumbangsih tumrap panliten liyane. Panliten iki isih ana kakurangan lan kaluputane, mula panliti nduweni pangajab supaya panliten sabanjure kang mligine ngenani kacingkrangan bisa katindakake kanthi luwih sampurna. Tumrap pamaos diajab bisa paring pamikiran anyar nalika ngripta karya sastra, lan bisa dadi piranti ajar kanggo pasinaon tumrap para siswa ing pawiyatan.

KAPUSTAKAN

- Abidin, Z. & Wahyuni, S. 2015. "Strategi Bertahan Hidup Petani Kecil Di Desa Sindetlami Kecamatan Besuk Kabupaten Probolinggo" Dalam Jurnal Pendidikan Ekonomi: Jurnal Ilmiah Ilmu Pendidikan, Ilmu Ekonomi Dan Ilmu Sosial, 9(1), 27-45.
- Adawiyah, E. (2020). *Kemiskinan Dan Fakor-Faktor Penyebabnya*. 1(April), 43–50.
- Amalia, N. I. (2022). Kemiskinan Dalam Novel Guwing Karya Suharmono Kasiyun (Kajian Sosiologi Sastra). *Bharada*, 1–19.
- Annur, R. A. (2013). *Faktor-Faktor Yang Mempengaruhi Kemiskinan Di Kecamatan Jekulo Dan Mejobo Kabupaten Kudus Tahun 2013* Reza. 2(4), 409–426.
- Arsendy, Senza. (2020). Pandangan Negatif Pada Kelompok Miskin Salah Dan Berbahaya.
<https://www.medcom.id/pilar/kolom/5b2epq6n-pandangan-negatif-pada-kelompok-miskin-salah-dan-berbahaya>
- Arief Budiman. (2023). Disdik: 141 Anak Putus Sekolah Di Solo, 90 Persen Pilih Bekerja.
<https://radarsolo.jawapos.com/pendidikan/25/01/2023/disdik-141-anak-putus-sekolah-di-solo-90-persen-pilih-bekerja/amp/>
- Astuti, W. (2017). Kacingkrangan Sajrone Cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto (Tintingan Sosiologi Sastra). *Bharada*, 3(3), 1–13.
- Badussamad, Z. (2021). *Metode Penelitian Kualitatif* (Hal. 1–235).
- Bintang Pradewo. (2021). Pengakuan 4 Pelajar Yang Jadi Psk Di Jakarta Utara. Jawapos.Com
<https://www.jawapos.com/jabodetabek/amp/01309537/pengakuan-4-pelajar-yang-jadi-psk-di-jakarta-utara>
- Damono, S. D. (2022). Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas. *Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan : Jakarta*, 1–80.
- Darni. 2011. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Putra Media Nusantara
- Darni, Ernawati Yunita. 2021. *Sosiologi Sastra Jawa*. Surabaya: Unesa University Press

- Delistiawati, N. (2018). *Upaya Kelompok Ekonomi Menengah Atas Dalam Menangani Kemiskinan*. 12(2), 72–77.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra, Epistemologi, Model, Teori, Dan Aplikasi*. Yogyakarta: Caps (Center For Academic Publishing Service).
- Ferry Noviandi. (2018). Rija Abbas Butiran Debu Kini Jadi Pelayan Kafe. <https://amp.suara.com/entertainment/2018/07/26/000000/rija-abbas-butiran-debu-kini-jadi-pelayan-kafe>
- Firdaus, V. (2022). Kemiskinan Dalam Antologi Cerkak Paron Karya Poerwadhie Atmodihardjo (Kajian Sosiologi Sastra). *Bharada*, 1–20.
- Fitriani, E. U. (2021). Konflik Batin Tokoh Utama Dalam Novel Mendhung Sumilak Karya Tulis Jmv Sunarjo. *Bharada*, 1–27.
- Kartikasari, R., Anoegrajekti, N., & Maslikatin, T. (2014). *Realitas Sosial Dan Representasi Fiksimini Dalam Tinjauan Sosiologi Sastra*. 2(1), 50–57.
- Kesuma, Maria Cahyaning. (2012). *Novel Nayla Karya Djenar Maesa Ayu Tintingan Sosiologi Sastra*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret.
- Kristi D Utami. (2021). Pontang-Panting Warga Miskinn Brebes Hidup Dengan Rp 340.000 Per Bulan. <https://www.kompas.id/baca/nusantara/2021/10/11/pontang-panting-warga-miskin-brebes-hidup-dengan-rp-340-000-per-bulan-pesanan>
- Nurgiyantoro, B. (2018). *Teori Pengkajian Fiksi*. Gadjah Mada University Press, 1–181.
- Nurjanna. (2018). *Citra Kemiskinan Dalam Novel Ketika Lampu Berwarna Merah Karya Hamsad Rangkuti (Suatu Tinjauan Sosiologi Sastra)*. 1–53.
- Pythag Kurniati. (2020). Sederet Potret Kemiskinan Di Tengah Pandemi, Tak Makan 2 Hari, Jual Hp Rp 10.000, Dan Nekat Mencuri. <https://amp.kompas.com/regional/read/2020/04/22/06150091/sederet-potret-kemiskinan-di-tengah-pandemi-tak-makan-2-hari-jual-hp-rp>
- Rahmadi. (2011). *Pengantar Metodologi Penelitian* (Hal. 1–132).
- Ridena, Sedwivia. (2020). Kemiskinan Dan Lingkungan: Perspektif Kemiskinan Di Perkotaan Dan Perdesaan. *Jurnal Litbang Sukowati: Media Penelitian Dan Pengembangan*, 5(1):39–48.
- Sartika, C., Balaka, M. Y., Rumbia, W. A., Jurusan, M., Ekonomi, I., Halu, U., Pengajar, S., Ekonomi, I., & Halu, U. (2016). *Studi Faktor-Faktor Penyebab Kemiskinan Masyarakat Desa Lohia Kecamatan Lohia Kabupaten Muna*.

1(April), 106–118.

Sipayung, M. E. (2016). *Konflik Sosial Dalam Novel Maryam Karya Okky Madasari : Kajian Sosiologi Sastra*. 22–34.

Suryadi. (2020). Kemiskinan Dan Kerusakan Lingkungan.
<https://bappeda.ntbprov.go.id/kemiskinan-dan-kerusakan-lingkungan/>

Zumrudah, R. (2020). *Kacingkrangan Sajrone Antologi Cerkak Rembulane Wis Ndhadhari Anggitane Sri Setya Rahayu Tintingan Sosiologi Sastra*. 1(2), 1–18.

LAMPIRAN

DHATA-DHATA KAPILIH

No.	Dhata-Dhata Sing Kapilih			Rumusan Masalah			
				1	2	3	4
1.		:	“Sawetara kuwi rasa bingung kaluwargane Pak Sarimun durung entuk wangsulan, malah Sarkun wis ngirimi barang-barang maneh. Beras, gula, lenga goreng, daging, kevap, bumbon-bumbon, roti, rokok uga pakeyan kanggo Pak Sarimun lan Mbok Pajjem. ... Kepeksa barang-barang sing dikirim Sarkun padha kanggo mangan saben dina, kalebu Sarinem. Satemene pancen rada ora kepenak, nanging tinimbang diumbar bosok malah muspro.”	√			
2.		:	“...Karomaneh selawase iki Mbok Pajjem menawa blanja ora nganti luwih ngungkuli apa sing dikirim Sarkun. Pikirane sing baku ora njaluk, lan rejeki kuwi teka dhewe. ... Kayangapa bungahe Sarkun, bareng mesthi Sarinem nganggo klambi sing diwenehake lan sajak ngguya-ngguyu”	√			
3.		:	“Pancen Sarinem nganti saiki ngrasakna abote urip dadi kaum tani. Sabane turut sawah, mepe awak nanging asile ora pati sepiraa. Drajate pancen ana ngisor menawa dibandhing pegawai kantor. Mbok menawa wis takdir dadi wong tani iku pancen rekasa lan ora nduweni aji. Beda pegawai kantor saben-saben nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng ...”	√			
4.		:	“Beda pegawai kantor saben-saben	√			

			nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng. Sawetara kuwi wong tani glaput lendhut, adus kringet. Durung menawa tetandurane kena hama utawi wanci rendheng, kejaba rusak regane anjlog.”				
5.		:	“Pancen Sarinem nganti saiki ngrasakna abote urip dadi kaum tani. Sabane turut sawah, mepe awak nanging asile ora pati sepiraa. Drajata pancen ana ngisor menawa dibandhing pegawai kantor. Mbok menawa wis takdir dadi wong tani iku pancen rekasa lan ora nduweni aji. Beda pegawai kantor saben-saben nampa dhuwit, rapat sithik dhuwit, dolan-dolan entuk dhuwit, tumpakane wae kendharaan kinclong, panganggone sarwa menthereng. ...”	√			
6.	Sadimun	:	“Iya, banjur arep kerja apa? Sekolah mung tekan SMP, anake buruh tani. Umpama areo kerja ing kantor ora nduwe pengalaman apa-apa.”	√			
	Sarinem	:	“Umpama kerja nggone wong dadi babu piye?” pitakone Sarinem semu isin.				
7.	Sarinem	:	“Wong cilik kaya awake dhewe iki Mbok, wis uripe sengsara kokmalah arep diiles-iles. Menawa wani kon maju siji-siji, yoben ngetokna dhadhane. Kudune malah awèh patuladhan kang becik dadak reka-reka sing ora bener. Apa dikira menawa aku mung lulusan SMP wae ora wani ngadhepi wong-wong kaya kuwi.”	√			
8.	Pak Darmo	:	“Tekaku mrene mau apa ngrembug utang?”		√		
	Pak Sarimun	:	“Lha nembe mawon panjenengan utusan si Jamin, kula kapurih nglunasi utang dhateng panjenengan.”				

	Pak Darmo	:	“Jamin...? sapa kuwi aku ora kenal.” Banjur Pak Sarimun nyritakaake kedadean sing lagi mentas wae. Barengkrungu critane sakala Pak Darmo nesu-nesu. “Aku kuwi lho ora kenal enenge Jamin kok malah dakkongkon nagih utang kuwi karepe piye? ...” “... jebul Agus mau mung reka-reka.”				
9.	Gondo	:	“Ngalih saka kene wae tinimbang ngrusak agama. Menawa ora sakpancung...” ...		√		
	Pak Sarimun	:	“Apa ngukum wong kuwi sakepenake, isu kuwi sing gawe kowe, pitenah sing gawe kowe kok banjur nyalahke liyan. Saiki wangsulana alasane kowe dhemo lan ngarani iki omah mesum. Ayo ngomong!”				
10		:	“Oh halah...Nem...Nem... jejere kowe kuwi bocah mendho lan anake wong cilik wae kok nganti bisa dadi rerasanan wong sapirang-pirang pangudarasane Mbok Paijem. Karomaneh ngapa ta pak kyai takon sing ora-ora, apa urusane? Sarinem dhewe isih durung niat omah-omah kok padha kanggo uber-uberan.”		√		
11.	Mbok Paijem	:	“Hussstt.. ora pareng. Kuwi wong nduwe kedhudhukan kabeh. Tansah dikormati sapa wae, aja angger njeplak menawa ngomong”		√		
	Sarinem	:	“Wong cilik kaya awake dhewe iki Mbok, wis uripe sengsara kokmalah arep diiles-iles. Menawa wani kon maju siji-siji, yoben ngetokna dhadhane.”				
12.	Sadimun	:	“Rasane pancen abot dadi wong cilik saben-saben dikuya-kuya. Kapan bisa urip mulya.”		√		
	Sarinem	:	“Awit saka iku Kang, ayo padha mikir supaya awake dhewe ora dadi wong sudra. Ngupaya sing tenanan supaya				

			mentas saka kahanan. Awit jare pak kyai, Gusti kuwi ora bakal ngrubah nasibe manungsa menawa manungsa kuwi ora gelem ngupaya.”				
13.		:	“Pak Sarimun lungguh lincak ngarep omah karo mikir kedadean-kedadean sing mentas ditemoni. Godhane urip sajak gedhe, ana-ana wae perkarane. Umpama cupet atine, mbokmenawa dheweke wis nglanguwuh ninggalake ndonya iki. Pancen wis takdire, urip dadi wong cilik banjur kerep disikang-sikang karo sing luwih gedhe.”		√		
14.		:	“Sarinem ditampa kerja lan nunggu toko buthik sing ana ing njero kutha. Saiba bungahe nalika diwenahi seragam apik lan papane nyambut gawe katon resik lan tumata. Umpama gelema luncak-luncak kanggo mujudake rasa bungahe.”			√	
15.	Sarinem Rudy Sarinem Rudy	: : : :	“Kerja apa Mas?” Arin penasaran.” “Pelayan caffe,” Rudy sajak sungkan. “Ora apa-apa Mas, sing penting aku entuk dhuwit. Karomaneh menawa nganggur terus ngrepotna liyan. Bapak simbokku sing ana omah mesthi nunggu jatah saka aku. Matur nuwun banget Mas, umpama kowe gelem nulung aku.” ... “Apa sing dikandhaake Rudy pancen kabukten. Arin ditampa kerja ing salah sawijine caffe. Pancen pendhidhikane mung SMP, nanging dedeg piadeg, pakulitane, lan rupane member bintang sinetron. ...”			√	
16.		:	“Sarinem ora mangsuli malah age-age ngunci kamare. Alon-alon nyedhak Alex. Ora sungkan-sungkan maneh			√	

		tangane Sarinem ngelus-elusdhadhane priya bagus kuwi. Sarinem ngerti menawa satpam kuwi lagi butuh. Nalika padha rembugan wingenane, Alex crita menawa ditinggal bojone kerja ing luwar negeri. Arep golek kanca turu ora wani, awit bayare ora cukup. Durung mengko menawa kedadonangan kaluwargane malah bisa dadi sulaya. Kalonggaran iki digunakna Sarinem kanggo ngudhari reruwete. Alex mung meneng wae, dhasare wong lanang sing wis ora nate kumpul karo bocah wadon. Saya suwe Sarinem ngamplok lan njorogna Alex ana kasur.” ... Sarinem : “Mas jujur anggonku gelem nglakoni kaya ngene iki, awit aku wis ora nduwe dhuwit kanggo mbayar losmen. Dakjaluk pambiyantumu ngenthengake ruwetku iki.”				
17.	Kompas.com	: “<i>Meninggal dunia, Senin (20/4/2020) usai dikabarkan kelaparan dan tak makan selama dua hari. Sebelum meninggal, Yuli sempat mengutarakan isi hati mengenai kondisi ekonominya. Bahkan untuk mengganjal perut yang lapar, ia dan keluarganya terpaksa meminum air berukuran galon selama dua hari. Kondisi kesulitan keluarganya tak lepas dari situasi pandemi corona. Suaminya yang seorang pemulung tak bisa bekerja. Usai kisahnya menyebar, Yuli dikabarkan telah mendapatkan bantuan. Namun, ia kemudian meninggal dunia pada Senin (20/4/2020). Meski belum dipastikan penyebab Yuli meninggal, tetapi potret kemiskinan keluarganya tak bisa dipungkiri</i>” (Kompas.com, 22 April 2022) Jawane: “Mati, Senin (20/4/2020) sawise dikabarake keluwen lan ora mangan				√

			suwene rong dina. Sakdurunge mati, Yuli isih ngomongake isi atine ngenani kondhisi ekonomine. Nganthi kanggo ngganjel weteng kang luwe, dheweke lan kulawargane kepeksa ngombe banyu sakukuran galon saksuwene rong dina. Kondhisi reribed kulawargane ora uwal saka kondhisi pandemi korona. Bojone minangka pemulung ora bisa makarya. Sakwise critane nyebar, Yuli dikabarake wis ngolehi bantuwan. Naning, dheweke banjur dikabarake mati Senin (20/4/2022). Masiya durung dipastekake panyebab Yuli mati, nanging gegambaran kacingkrangan kulawargane ora bisa dimungkiri” (Kompas.com, 22April 2022)				
18.	Kompas	:	<i>“Bagi sebagian orang, uang sebesar Rp 340.000 hanya cukup untuk makan sepekan, bahkan sehari. Namun, oleh ratusan ribu orang di Kabupaten Brebes, Jawa Tengah, uang Rp 340.000 tersebut diatur sedemikian rupa untuk memenuhi kebutuhan pangan keluarga, membayar tagihan listrik, serta untuk membiayai sekolah anak-anak mereka.</i> <i>Wamad (45), warga Desa Cipelem, Kecamatan Bulakamba, Kabupaten Brebes, duduk termenung di atas satu-satunya kursi yang ada di rumahnya. Ia sedang memikirkan tabungannya yang sudah tipis. Sudah sepekan terakhir, ia tidak mendapat pemasukan karena belum ada lagi yang membutuhkan jasanya sebagai buruh bangunan ataupun buruh tani. Padahal, sejumlah kebutuhan sudah mengantre untuk dipenuhi.” (Kompas, 11 Oktober 2021)</i> Jawane: “Kanggo saperangan uwong, dhuwit gedhene Rp 340.000 mung cukup kanggo mangan seminggu, malah bisa sedina. Nanging, kanggo atusan ewu				√

			uwong ing Kabupaten Brebes, Jawa Tengah, dhuwit Rp 340.000 kasebut diatur sabisa bisane kanggo nyukupi kabutuhan pangan kulawarga, mbayar listrik, serta kanggo mbayar kabutuhan sekolah anak-anake. Wawad, (45), warga Desa Cipelem, Kecamatan Bulakamba, Kabupaten Brebes, lungguh nglamun ing siji-sijine kursi sing ana ing omahe. Dheweke lagi mikirake dhuwit tabungane sing wis saya entek. Wis seminggu, dheweke ora ngasilake amarga durung ana kang mbutuhake jasane minangka buruh bangunan utawa buruh tani. Kamangka, kabutuhan wis jejer kanggo dijangkepi.” (Kompas, 11 Oktober 2021)				
19.	Arief Budiman	:	<i>“Faktor ekonomi masih menjadi alasan utama anak putus sekolah. Dari 141 angka siswa putus sekolah di Kota Surakarta, 90 persen diantaranya lebih memilih untuk bekerja dibandingkan dengan melanjutkan sekolah.</i> <i>Rata-rata anak memilih untuk bekerja dibandingkan dengan sekolah, karena dorongan ekonomi maupun kemampuan pribadinya. Kasus yang banyak ditemukan oleh Dinas Pendidikan Kota Surakarta yakni, pada awalnya anak bekerja hanya untuk membantu perekonomian orang tua. Tetapi lama kelamaan banyak anak yang terjebak sebagai pekerja permanen. Hingga akhirnya mereka menikmati hasil pendapatan dan berakibat anak lebih sering bolos sekolah dan kemudian drop out. (Arief Budiman, 25 Januari 2023)</i> Jawane : “Paktor ekonomi isih dadi alasan kang utama kanggo bocah medhot sekolah. Saka 141 angka siswa medhot sekolah ing Kota Surakarta, 90 persen ing antarane luwih milih kanggo makarya				√

			dibandhingake karo nerusake sekolah. Rata-rata bocah milih kanggo makarya dinadhingake karo sekolah, amarga dhorongan ekonomi utawa kemampuan pribadhiné. Perkara kang akeh ditemokake dening Dinas Pendidikan Kutha Surabaya yaiku, wiwitane bocah makarya mung kanggo ngewangi perekonomian wong tua. Nanging suwe-suwe akeh bocah kang kajebak minangka pakaryan permanen. Sahingga pungkasané dheweke nikmati kasil olehe makarya lan ngakibatake bocah luwih asring mbolos sekolah lan ndadekake metu sekolah.”				
20.	Suara.com	:	<i>“Bersama band Rumor, Rija Abbas memang sempat mencicipi popularitas sebagai seorang entertainment. Namun sayangnya, konflik dengan pengacara Farhat Abbas yang bertindak sebagai produser, membuat Rija dan Rumor harus bubar. Rija Abbas sempat bersolo karier dengan melepas beberapa single seperti "Cinta Sia Sia" dan "Tak Mau Pergi". Namun entah mengapa, proyek solo kariernya tak semulus ketika ia dengan Rumor. Ketika dihubungi via telepon, Rija Abbas tak menampik kalau dirinya kini bekerja sebagai pelayan di sebuah kafe. Menurutnya, pekerjaan tersebut ia ambil karena harus menafkahi keluarga.” (Suara.com, 26 Juli 2018)</i> Jawane: “Bareng band Rumor, Rija Abbas pancen nate ngancik popularitas minangka wong entertainment. Nanging, perkara karo pengacara Farhat Abbas sing ndapuk minangka produser, nggawe Rija lan Rumor kudu bubar. Rija Abbas sempet nerusake karire dhewean kanthi ngetokake saperangan karya kayata <i>“Cinta Sia Sia”</i> lan <i>“Tak Mau Pergi”</i>. Nanging karya solo				√

			karire ora kondhang nalika karo Rumor. Nalika ditelpon liwat telpon, Rija Abbas ora nampik yen dheweke saiki makarya minangka pelayan ing sawijine kafe. Miturute, pakaryan kasebut dijupuk amarga kudu njangkepi kabutuhan kulawargane.” (Suara.com, 26 Juli 2018)				
21.	Bintang Pradewo	:	<i>“Unit Reskrim Polsek Tanjung Priok, Jakarta Utara memeriksa 4 pelajar yang terlibat kasus prostitusi di sebuah hotel di kawasan Sunter, Jakarta Utara. Kepada penyidik, keempatnya mengakui memiliki alasan masing-masing hingga memutuskan terlibat prostitusi. Motif keempatnya menjadi PSK pun beraneka ragam. Mulai dari keterbatasan ekonomi, hingga terjerumus pergaulan orang-orang terdekatnya. “Secara komperhensif yang saya pelajari, faktornya ada tiga yakni ekonomi, kurangnya pengawasan, dan utamanya adalah pergaulan” Jelas paksi.” (Bintang Pradewo, Kamis, 28 Januari 2021)</i> Jawane: <i>“Unit Reskrim Polsek Tanjung Priok, Jakarta Utara mriksa 4 plajar kang kesrimpet kasus prostitusi ing sawijining hotel ing kawasan Sunter, Jakarta Utara. Marang penyidhik, papat plajar kasebut ngaku nduweni alesan dhewe-dhewe sahingga mutusake kesrimpet babagan prostitusi. Motif papat plajar kasebut dadi PSK uga aneka macem. Wiwit saka winatese ekonomi, nganthi keblowok pergaulan kang ana ing samadyane. “Secara komperhensif sing tak sinauni, faktore ana telu yaiku ekonomi, kurange pengawasan, lan kang utama yaiku pergaulan.” Andharane Paksi. (Bintang Pradewo, Kamis, 28 Januari</i>				√

			2021)				
--	--	--	-------	--	--	--	--